ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№54 (24.336) • 2022 гъэм накъыгъэм (майм) и 14, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Махуэшхуэм екIуу зыхуагъэхьэзыр

**Ди щIыналъэм хыхьэ щIыпIэ, къалэ, жылэ псоми мы зэманым ухуэныгъэ щхьэпэхэр, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэфIхэр щокIуэкI. Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу нэр игъэгуфIэу «зыкърихынущ» абы и къалащхьэ Налшыки.**

МАХУЭШХУЭМ, зэрихабзэу, екIуу, зэщIэкъуауэ, дахэу Iущiэным хуэгъэпсащ къалащхьэм иджыпсту жыджэру щекIуэкI лэжьыгъэхэм я нэхъыбапIэр. Мы илъэсым къриубыдэу Налшык къыщызэIуахынущ абы щыпсэухэм, и хьэщIэхэм зыгъэпсэхупIэ тынш яхуэхъуну къалэ жыг хадэ цIыкIуу блы. А скверхэр ухуэным ехьэлIа лэжьыгъэхэм я зэхуэдитIым нэсыр зэфIэкIауэ жыпIэ хъунущ. Лъэс лъагъуэхэр ягъэбелджылащ, языныкъуэ гъуэгу цIыкIухэм плиткэ екIухэр тралъхьэжащ.



Зыгъэпсэхупlэ хадэ цIыкIухэр щаухуэ Налшык и щIыпIэ псоми. Зэрыхуагъэфащэмкlэ, ахэр хьэзыр хъунущ дызэрыт илъэсым и шыщхьэуIум и пэщIэдзэхэм.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, скверхэр щаухуэну щIыпIэхэр езы къалэдэсхэм къыхахыжауэ щытащ, абы теухуауэ нэгъабэ ирагъэкIуэкIа IэIэтым ипкъ иткIэ. https://07.gorodsreda.ru Интернет сайтымкIэ мы махуэхэм къыщыхах етIанэгъэ зэпэщ ящIыну я мурад щIыпIэхэр. Абы хэтыну Iэмал яIэщ налшыкдэс псоми.



**ТАМБИЙ Линэ.**

## Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщызыгъэпсэхухэм кIэрыхуакъым



**Накъыгъэм и япэрей махуипщIыр, зэрытщIэщи, и нэхъыбэм уэтIпсытIу щытащ. АтIэми, а махуэхэм «Кавказ. УФ»-м и курортхэм зыщызыгъэпсэхуахэм я бжыгъэр нэгъабэрейм къызэрыщхьэщыкIа щыIэкъым. Къэдгъэлъэгъуэнщи, «Архъыз», «Iуащхьэмахуэ», «Ведучи» курортхэм я нэгу зыщезыгъэужьахэм я бжыгъэр цIыху мин 28-м щIигъуащ.**

«НАКЪЫГЪЭМ и япэрей махуипщIым дунейр уэфI дыдэу щымытами, зи гугъу тщIы зыгъэпсэхупIэхэм хьэщIэу къахуэкIуахэм я бжыгъэр, ди гуапэ зэрыхъунщи, нэгъабэ зэрыщытам къызэрытекIа щыIэкъым. Ар къызыхэкIауэ къэтлъытэр, псом япэрауэ, дызыпэрыт IэнатIэм, хьэщIапIэ къытхуэкIуэхэм дазэрыхущытым иужьрей илъэсхэм хэпщIыкIыу фIы и лъэныкъуэкIэ зэрызедгъэхъуэжарщ. КъищынэмыщIауэ, къызэригъэщIауэ Кавказ Ищхъэрэм щыIэ и щIыпIэ нэхъ дахэхэм, дунейм и щытыкIэм емылъытауэ, цIыхухэр къызэрыдэтхьэхыфын Iэмалхэри диIэ зэрыхъуарщ», - къыхегъэщ «Кавказ.УФ» зэгухьэныгъэм и унафэщI ТIымыжь Хьэсэн.

Зыгъэпсэхупlэхэм ящыщу а махуэхэм турист нэхъыбэ здекIуэлIар «Iуащхьэмахуэ» курортырщ. Абыхэм я бжыгъэр мин 20-м щхьэдэхащ. Ар зы тIэкIукIэ нэхъ мащIэщ нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ, ауэ, итIани, хуэдитIрэ нэхъыбэщ коронавирус пандемиер къемыжьэ ипэ а махуэхэм къахуэкIуам нэхърэ. АтIэми, Iуащхьэмахуэ бгыжьым и Iэшэлъашэр уэсыншэ зэрымыхъум къыхэкIыу, иджыри бгым лыжэкIэ къожэхыфхэр.

Къэрэшей-Шэрджэсым щыIэ «Архъыз» зыгъэпсэхупIэм накъыгъэм и япэ махуипщIым хьэщIэу къахуеблэгъар мини 7,5-м нызэрыхьэсщ. Абдежым щIэупщIэ нэхъ щызиIэ нэгу зегъэужьыкIэхэм ящыщщ джабэ нэкIухэм кIэрыхьэ лъагъуэхэм ирикIуэныр, къуршыпсхэм япхрыкI гъуэгу нашэкъашэхэм зи лъащIэр лъагэу Iэта автомобилхэмкIэ щызекIуэныр, кIапсэ гъуэгухэмкIэ бгыщхьэхэм иридэкIуейуэ зыщаплъыхьыныр, шыхэм шэсу къыздакIухьым я нэгу зыщрагъэужьыныр, нэгъуэщIхэри. Мы зыгъэпсэхупIэм щыIэщ сабийхэм хуиту зыщагъэзэн, я нэгу зыщрагъэужьын утыку зэлъыIухахэри, я къэухьым щыхагъэхъуэн студиехэри. «ХапIэжь» (мы щIыпIэм адыгэхэр апхуэдэуи йоджэ) и тэхъуанэр узыншагъэр щызэтебгъэувэжынымкIи гъуэзэджэщ. Мыбдежым хьэуар щыкъабзэщ, гъэмахуэ лъэхъэнэм хьэкъупIэр (аллергиер) къэзышэ удзхэр къыщыкIыркъым, хыжьей дахащэхэр щыкуэдщ.

Шэшэн Республикэм гъэм и кIыхьагъкIэ лажьэ «Ведучи» зыгъэпсэхупIэри мы зэманым щIэупщIэ нэхъ зиIэхэм ящыщщ. Мыбдежым щолажьэ щысыпIэхэр зиIэ «матэхэр» зыкIэрыщIа кIапсэ гъуэгухэр, цIыхухэр гуп щхьэхуэу, унагъуэу щызэхэсыфын унэ цIыкIухэр, илъэс псом уэс зытелъ лыжэ-сноуборд къежэхыпIэхэр, нэгъуэщIхэри. Языныкъуэхэр мыбдежым икIыурэ Шэшэным и нэгъуэщI щIыпIэ зыкъизыхыхэми макIуэ.

**ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцIэ.**

## Сымаджэщыр зэрагъэпэщыж

**Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм щыпащэ. Абы текIуадэ мылъкур къыхэкIащ УФ-м и Правительствэм и гъэтIылъыгъэ фондым. 2021 гъэм и шыщхьэуIу мазэм УФ-м и Премьер-министр Мишустин Михаилрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ щызэIущIам а Iуэхум хухахауэ щытащ сом мелуани 125-рэ.**



МЫ ЗЭМАНЫМ сымаджэщым пульмонологиемрэ нефрологиемкIэ и къудамэм (корпус «Д») и блынхэмрэ унэ лъэгумрэ плиткэкIэ къращIыкI, бжэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ къагъэщIэрэщIэжащ.

Iуэхущiапiэм и корпусихми я унащхьэхэр зэрахъуэкIащ, иджыпсту инженер коммуникацэхэр яхъуэж, хьэуар зыгъэкъабзэ жьыхумрэ мафIэс къэхъу хъужыкъуэмэ, абыкIэ хъыбар къозыгъащIэ Iэмэпсымэмрэ щIэуэ ягъэув.

Сымаджэщым щекIуэкI зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэпыудауэ щытынущ. Дэтхэнэ зы корпусри сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзэнущ. ДяпэкIэ Iуэхущiапiэм иIэнущ зытхьэщIыпIэр щхьэхуэу зыхэт пэшхэр. Апхуэдэу я мурадщ хирургие корпусыщIэ къызэрагъэпэщыну. Абы щIэуэ къыхагъэхьэну Iэмалхэм я фIыгъэкIэ медицинэ технологие лъэрыхьхэр къагъэсэбэпурэ операцэ гугъухэр ирагъэкIуэкIыфынут. Апхуэдэуи лэжьыгъэр куэдкIэ иригъэфIэкIуэнущ сымаджэхэр япэу зрашалIэ къудамэщIэ къызэрызэIуахынуми. Iуэхур зэфIэкIмэ, IэнатIэр иджырей медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ.

Зэгъэпэщыжыныгъэхэр зэрекIуэкIым щхьэкIэ къэмынэу, медицинэ Iуэхущiапiэм и лэжьыгъэр нэхъапэм зэрыщытам тетщ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

## ХьэрычэтыщIэхэм яIущIэнущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Хабаров Николай КъБР-м ХьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэ АфэщIыж Юрэ щIыгъуу хьэрычэтыщIэхэм яхуэзэнущ 2022 гъэм накъыгъэм и 16-м сыхьэт 14-м.

КъулыкъущIэхэм яIущIэну зи мурадхэм республикэм и прокурорым цIыхухэм зыкъызэрыхуагъазэм хэплъэнымрэ егъэблэгъэнымкIэ и дэIэпыкъуэгъу нэхъыжь ЗэкIурей Заур нэхъ пасэу зрагъэтхын хуейщ. Абы пащIэ екIуэлIэн хуейщ мы хэщIапIэм: *КъБР, Налшык къалэ, Кулиевым и уэрам, 16, пэш 101-м, телефоныр - 40-03-70.*

# Хъугъуэфӏыгъуэ куэдым я нэхъыфӏ

**Къэралым и къэкӏуэнур зэлъыта цӏыхухэр щапӏ унагъуэр хъумэным гулъытэ хэха хуригъэщӏын папщӏэ, Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН) и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1993 гъэм игъэуваауэ щытащ Унагъуэм и дунейпсо махуэр. Ар гъэлъэпӏэныр трагъэхуащ дунейм и дахэгъуэ накъыгъэ мазэм и 15-м. Урысей Федерацэм махуэшхуэр япэу щыщаӏэтар илъэс 27-рэ ипэкӏэщ, 1995 гъэм къыщыщӏэдзауэщ.**

ИПЭЖЫПӏЭКӏЭ, къэралым и зы ӏыхьэу щыт унагъуэр жылагъуэм и быдапӏэщ, дэ тщыщ дэтхэнэми и щхьэегъэзыпӏэщ. Аращ къыщежьэр цӏыхухэм яхэлъыфыну хьэл-щэн дахэ псори: лъагъуныгъэри, пщӏэри, нэмысри, гумащӏагъэри, пэжыгъэри...

Сыт хуэдэ лъэхъэнэми дэтхэнэ къэралми и зэӏузэпэщыгъэр къалъытэ абы и унагъуэ къызэрыгуэкӏым иӏэ псэукӏэм и лъагагъымкӏэ, абы исхэр зыхуей-зыхуэфӏхэр ягъуэту гъащӏэм зэрыхэтыфымкӏэ. Унагъуэр гъэбыдэным дапщэщи гулъытэшхуэ щегъуэт ди къэралым. Псом хуэмыдэу ар нэрылъагъу хъуащ блэкӏа илъэсхэм - коронавирус уз зэрыцӏалэм и шынагъуэр нэхъ ткӏийуэ къыщытщхьэщыта лъэхъэнэ гугъум. Къэралым и Президентым и унафэкӏэ дэӏэпыкъуныгъэ ягъуэт Урысей Федерацэм и унагъуэ куэдым: сабий цӏыкӏу зэрысхэм, бынунагъуэшхуэхэм, щытыкӏэ къызэрымыкӏуэм и зэранкӏэ лъэпощхьэпо куэд къызыхукъуэкӏа адэ-анэхэм. Къапщтэмэ, зи ныбжьыр илъэси 3 иримыкъуа сабий цӏыкӏу зиӏэхэм, илъэси 3-м къыщыщӏэдзауэ илъэси 7, 16 зи ныбжь бын зыпӏ унагъуэхэми ахъшэкӏэ защӏегъакъуэ, сабийм епха адэ-анэ къалэнхэр къащигъэпсынщӏэн папщӏэ.

Сабийхэмрэ сабиигъуэмрэ хъумэным, бын зыпӏ унагъуэхэм защӏэгъэкъуэным хуэунэтӏауэ ди къэралым иужьрей зэманым къыщащтэ программэхэм я бжыгъэм ноби хохъуэ. Абыхэм къызэщӏаубыдэ ӏуэхухэр куэд мэхъу: сабий садхэм я ӏуэхутхьэбзэхэм хуэныкъуэ псоми ар къагъэсэбэпыфыну ӏэмал етыныр, курыт еджапӏэхэм етӏуанэ, ещанэ сменэхэр щыӏухыныр, щытыкӏэ гугъу ихуа унагъуэхэм щапӏ сабийхэм, зи узыншагъэм сэкъат иӏэхэм хэхауэ защӏэгъэкъуэныр, нэгъуэщӏхэри.

Унагъуэхэм хуащӏ апхуэдэ къэрал гулъытэм тепсэлъыхьу, УФ-м и Президентым жиӏащ хэхъуэшхуэ зимыӏэ, щытыкӏэ гугъум ит унагъуэхэм быныр пӏынымкӏэ дяпэкӏи зэрадэӏэпыкъунур. Апхуэдэ унагъуэхэм щапӏ сабийхэм ахъшэр накъыгъэ мазэм къыщыщӏэдзауэ яӏэрыхьащ, абыхэм иратыж мэлыжьыхьым хуэзэри.

Фигу къэдгъэкӏыжынщи, УФ-м и унафэщӏхэм зэрагъэуваауэ, унагъуэм, сабийхэм ехьэлӏа ӏуэхугъуэ псори къэрал мыхьэнэ зиӏэ унэтӏыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэу къыщалъытэ ди хэкум. Къэрал бюджетым къыхэкӏ мылъку яӏэрохьэ, я ныбжьым елъытауэ зэщхьэщыхауэ, ди сабий псоми. Къиищынэмыщӏауэ, иджы апхуэдэ гулъытэ ягъуэт цӏыхубз уэндэгъухэми зи закъуэу сабий зыпӏ анэхэми (адэхэми). А дэӏэпыкъуныгъэхэм ирегъэфӏакӏуэ щӏыналъэхэм щыщыӏэ демографие щытыкӏэр, сабий зэзыгъэгъуэтыну хуейхэри абы нэхъри трегъэгушхуэ, нэхъыщхьэращи, къэралыр зэрызэхэт и ӏыхьэ нэхъыщхьэ унагъуэр нэхъ быдэ, лъэщ ещӏ. Апхуэдэу а ӏуэхугъуэхэр хуэгъэпсащ унагъуэм илъ гугъуехьхэр зэрыхъукӏэ ящхьэщыӏэтыкӏыным, абы исхэр щытыкӏэ гугъум нэхъ тыншу къикӏыфыным.

Жыпӏэнурамэ, и мыхьэнэкӏэ хъугъуэфӏыгъуэ псоми йолъэгэкӏ унагъуэ насыпыр. Ар къалъытэу илъэс къэс накъыгъэм и 15-м ирихьэлӏэу зэхашэ махуэшхуэ пшыхьхэр, концертхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэрагъэпэщ, щапхъэ зытепх хъун унагъуэхэр щагъэлъапӏэ зэӏущӏэхэр ирагъэкӏуэкӏ. Мы тхьэмахуэ махуэми апхуэдэ хъуэхъухэр дэнэкӏи щыӏунущ, нэхъыщхьэращи, унагъуэм исхэр зэхуэсыжынурэ, дэтхэнэм и дежкӏи мыхьэнэ зиӏэ а гуфӏэгъуэр зэгъусэу ягъэлъэпӏэнущ, нэхъыжьым и пщӏэр яӏэту, нэхъыщӏэм гушхуэныгъэ ирагъэгъуэту.

Дэри ди гуапэу дохъуэхъу ди щӏыналъэм ис дэтхэнэ унагъуэми, псом хуэмыдэу абы и «пкъо» адэ-анэхэм. Фызипашэ унагъуэхэр быдэу, фызиплъыр жьэгухэр хуабэу, берычэт кӏуапӏэу, бын гукъеуэ фымылъагъуу, фи псалъэр фи щӏэблэм я пщалъэу, абыхэм я пщӏэрэ гулъытэрэ фыщымыщӏэу фи жьантӏэхэм Тхьэм куэдрэ фыдигъэс, къыфтехъукӏ унагъуэщӏэхэм щапхъэфӏ фахуэхъуу.

«Унагъуэжьрэ пхъэжь мафӏэрэ», - жиӏащ пасэрей адыгэм. Шэч хэлъкъым: къэралыр зэкъуэтмэ - быдэщ, унагъуэр зэкъуэтмэ - бейщ. Мылъкуу щыӏэм елъэгэкӏ зэгурыӏуэр, насыпыр зи унагъуэ илъын дэтхэнэ зыри Тхьэм дищӏ!

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



Анэшхуэмрэ къуэрылъхумрэ.

# Унагъуэм и шхэпс ди анэшхуэ

*Эссе*

**Си нанэ Іэминат ищӏауэ ӏэшрыӏ фалъэ исфарэт! Сыту ӏэфӏыщэу игъэхьэзыррэт шхыныгъуэхэр нанэ! Пщэдджыжь нэмэзыр зыщӏыну къэтэдж нанэ зэ закъуи игу ихуртэкъым къызэдэхэщӏэну.**

ПЩЫХЬЭЩХЬЭ блэкӏам игъэжьа адыгэ щӏакхъуэр шатэкӏэ зэӏыха шейм хипӏытӏэрт, кхъуей ӏыхьэхэр гуэгъу хуищӏырти, ар си пщэдджыжьышхэт. Хъурымейм зэрихьэрэ уэрамыпэм къыщыпӏурыуэ щӏакхъуэ зэтеупӏэщӏыкӏыр, хугу хьэнтхъупсыр, къыпыхуу гъэва лым бжьыныху шыпсыр дэщӏыгъуу, шхупсыр абыхэм ябгъурыту си шэджагъуэ шхыныгъуэт. Джийм ехамэ, илъэс гъуэмылэт, ӏэфӏт, ӏэфӏыщэт... Пщыхьэщхьэр къызэрысу хьэцыбанэ шейм лэкъум гъэжьа, зэпышыжу фо и гъусэу стӏолым къытригъэувэрти, дыздэшхэм нанэ и таурыхъ-хъыбархэр и «дыщэ пхъуантэм» къыдихырт... Сыту зэманыфӏ сиӏа, сытуи нанэ ӏумахуэм и шхын куэди сшхыгъа!

Ахърэтым ущыӏэми, «шхыныгъуэу» къысхуэбгъэна иныжь нэзакъуэри, алмэстыхэри, къебжэкӏ дахащэхэри, афэ джанэри... псори здэщӏыгъущ...

**МАХУЭЛӏ Беслъэн.**

# Мы махуэхэм

**Накъыгъэм и 14,** *щэбэт*

✦**Къуалэбзухэм я дунейпсо махуэщ**

✦**Астрономием и дунейпсо махуэщ**

✦**Гъэпцӏагъэ хамылъхьэу сату щӏыным и дунейпсо махуэщ**

✦**1937 гъэм** къалъхуащ экономикэ щӏэныгъэхэмкӏэ доктор, профессор, УФ-м щӏэныгъэхэмкӏэ щӏыхь зиӏэ и лэжьакӏуэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэу щыта **Тау Пщыкъан**.

✦**1945 гъэм** къалъхуащ къэрал къулыкъущӏэ, тхыдэ щӏэныгъэхэм я доктор, Абхъаз Республикэм и япэ президенту щыта **Ардзинбэ Владислав**.

✦**1950 гъэм** къалъхуащ композитор, макъамэдж **Блай Тамарэ**.

✦**1935 гъэм** къалъхуащ тхакӏуэ, журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщӏу илъэс куэдкӏэ лэжьа **Къамбий Зуфар**.

✦**1942 гъэм** къалъхуащ техникэ щӏэныгъэхэмкӏэ доктор, РАЕН-ми ЩӏДАА-ми я академик, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и тхьэмадэ **Иуан Пётр**.

✦**1947 гъэм** къалъхуащ УФ-ми, Кубанми, КъБР-ми щӏыхь зиӏэ я артист, Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Зэныбжьэгъугъэм и орденыр зрата **Зехьэ Заурбий**.

✦**1962 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щӏэныгъэхэмкӏэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Дыщэкӏ Артур**.

**Дунейм и щытыкӏэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкӏэ, Налшык пшэр техьэ-текӏыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 15,** *тхьэмахуэ*

✦**Унагъуэм и дунейпсо махуэщ**

✦**Климатым и дунейпсо махуэщ**

✦**СПИД узыфэм илӏыкӏахэм я фэеплъ махуэщ**

✦**1942 гъэм** 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ шу дивизэр зауэм кӏуащ.

✦**1903 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакӏуэ **Темыр Сэлихь**.

✦**1914 гъэм** къалъхуащ режиссёр, УФ-м гъуазджэхэмкӏэ щӏыхь зиӏэ и лэжьакӏуэ, Адыгэ Республикэм и цӏыхубэ артист **Ӏэхъуэджакӏуэ Мэжид**.

✦**1919 гъэм** къалъхуащ драматург, КъБР-м гъуазджэхэмкӏэ щӏыхь зиӏэ и лэжьакӏуэ **Акъсырэ Залымхъан**.

✦**1921 гъэм** къалъхуащ тхакӏуэ, драматург, КъБР-м гъуазджэхэмкӏэ щӏыхь зиӏэ и лэжьакӏуэ **Дудар Хьэутий**.

✦**1933 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цӏыхубэ артист, режиссёр **Шэрыӏужь Анатолэ**.

**Дунейм и щытыкӏэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкӏэ, Налшык уэфӏу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 11 - 13 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 16,** *блыщхьэ*

✦**Биографхэм я махуэщ**

✦**1954 гъэм** Налшык къыщызэӏуахащ украин тхакӏуэ Вовчок Марко и фэеплъ.

✦**1808 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхыдэдж, этнограф, тхакӏуэ **Хъан-Джэрий Сулътӏан**.

✦**1841 гъэм** къалъхуащ адыгэ узэщӏакӏуэ, щӏэныгъэлӏ **Хьэтӏохъущокъуэ Къазий**.

✦**1917 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щӏыхь зиӏэ и артисткэ **Щхьэгъэпсо Таужан**.

✦**1957 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакӏуэ, экономикэ щӏэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик, КъБР-м щӏыхь зиӏэ и экономист **Къалэ Замир**.

✦**1961 гъэм** къалъхуащ уэчыл, КъБР-м щӏыхь зиӏэ и юрист **Бэрокъуэ Хьэсэн-Алий**.

**Дунейм и щытыкӏэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкӏэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКӏЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ ӏущыгъэ:**

**ТэмакъкӏэщӏЫр хущӏогъуэж.**

# ЕджакӏУэхэр театрым хагъэгъуазэ

**Фэеплъхэмрэ щэнхабзэ ухуэныгъэхэмрэ хъумэнымкӏэ урысейпсо ӏуэхум хыхьэу, Налшык и курыт еджапӏэхэм я гъэсэнхэр хагъэгъуэзащ Щоджэнцӏыкӏу Алий и цӏэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лэжьыгъэм.**

ЕДЖАКӏУЭХЭР гуапэу иригъэблэгъащ икӏи абыхэм театрым защригъэплъыхьащ КъБР-м щӏыхь зиӏэ и артист Хьэмырзэ Ахьмэд. Театр тхыдэм зи цӏэ къыхэна, утыкур зыгъэбжьыфӏэ иджырей артист пажэхэм я сурэт галерееmкӏэ - художник Пщыхьэщӏэ Хьэсэнбий и лэжьыгъэхэмкӏэ - къыщӏидзэри, ныбжьыщӏэхэм ӏуэхущӏапӏэм и лэжьакӏуэхэр яригъэцӏыхуащ.

- Цӏыхубэм я дежкӏэ гуфӏэгъуэшхуэт зауэ нэужьым театрым и лэжьыгъэр зэриублэжар. Цӏыху гъащӏэм театрым мыхьэнэ ин щиӏэщ, - жиӏащ Хьэмырзэм. - Утыкум щыдгъэлъагъуэ теплъэгъуэхэм гъащӏэр гъуджэм хуэдэу къощ, цӏыху куэдым зыкъацӏыхужу.

Хьэмырзэ Ахьмэд къытеувыӏащ артист ӏэщӏагъэр къызэрыхихам икӏи еджакӏуэхэр къыхуриджащ театрхэм щӏэх-щӏэхыурэ кӏуэну, щӏалэгъуалэм заужьынымкӏэ ар ӏэмалыфӏу зэрыщытыр къыхигъэщу.

Ныбжьыщӏэхэм я упщӏэхэм артистым жэуап ирита нэужь, хьэщӏэхэр я ӏуэхум пэрыхьащ, театрым и ӏэгъуэблагъэр зэлъыӏуахащ абыхэм. Хабзэ зэрыхъуауэ, урысейпсо ӏуэхум хыхьэу, йокӏуэкӏ мыпхуэдэ зэӏущӏэхэр. Волонтёрхэм щэнхабзэ ӏуэхущӏапӏэхэмрэ абыхэм я лэжьыгъэхэмрэ зыхагъэгъуазэ, итӏанэ яхузэфӏэкӏ ящӏэ дахагъэмрэ къабзагъэмрэ ятеухуауэ.

**ТЕКӏУЖЬ Заретэ.**



ДифI догъэлъапIэ

**Къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэси 100 зэрырикъур мы лъэхъэнэм зыгъэлъапIэ ди Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыгум къихъуащ дызэрыгушхуэ IэщIагъэлI щыпкъэхэр, щIэныгъэлI Iэззэхэр, еджагъэшхуэхэр. ЖыпIэнурамэ, ди щIыналъэм щыпсэуэм ди насыпым къихьащ дызэрыгушхуэ хъуну апхуэдэ цIыху щэджащэ куэд дызэриIэр. Апхуэдэхэм ящыщщ щIэныгъэлI цIэрыIуэ, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ IэкIуэлъакIуэ, лIыгъэшхуэрэ хабзэрэ зыхэлъ адыгэлI щыпкъэ Иуан Пётр Мацэ и къуэр.**

# ЩIэныгъэлI, узэщIакIуэ цIэрыIуэ



ЩIЭНЫГЪЭХЭМКIЭ Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и къызэгъэпэщакIуэ икIи абы и пашэу илъэс куэдкIэ, 1993 гъэм къыщыщIэдзауэ 2018 гъэ пщIондэ, лэжьа еджагъэшхуэр мы зэманым а IэнатIэм и щIэныгъэ унафэщIщ. Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, РАЕН-м и академик Иуаныр кибернетикэмкIэ, информатикэмрэ экономикэмкIэ зэфIэкI лъагэхэр зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIщ, ди къэралми хамэ щIыналъэхэми зи цIэр фIыкIэ щыIуа къэхутакIуэ къызэрымыкIуэщ.

Урысей Федерацэм и еджагъэшхуэхэм хуэфащэ дыдэу халъытэ Иуаныр. Ди лъэпкъ щIэныгъэлIхэм я пашэм, я унэтIакIуэ IэкIуэлъакIуэм и фIыщIэ куэд хэлъщ ди республикэм игъуэта зыужьыныгъэм. Ар ящыщщ лъэпкъ щIэныгъэм зегъэузэщIыным къаруушхуэ езыхьэлIахэм. Абы и жэрдэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм къыщызэIуахащ щIэныгъэ-къэхутакIуэ IуэхущIапIэу хы. Апхуэдэхэм ящыщщ Мэкъумэш техникэмкIэ къэрал комитетым и информацэкъэзыбж центрыр (1973 гъэ), РАН-м и КъБЩIЦ-р (1993 гъэ), абы и къудамэхэу Бгылъэ щIыпIэхэм я экологиемкIэ институтымрэ (1994 гъэ) илъэс 20-кIэ зи унафэщIу щыта, Информатикэмрэ щIыналъэ управленэмкIэ институтымрэ (1996 гъэ), нэгъуэщIхэри.

Иуаныр 1942 гъэм накъыгъэм и 15-м Старэ Шэрэдж къуажэм къыщалъхуащ. И сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм хиубыдэу, а лъэхъэнэм пыщIауэ щыта бэлыхьхэр, езым хуэдэ цIыкIу куэдым ещхьу, зыхищIами, дунейр фIэIэфу, дыкъэзыухъуреихь псори и щIэщыгъуэу къэтэджащ ар. Пётр зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэу къызэрыхъуар, дауи, я фIыщIэщ и адэ Мацэрэ и анэ Гуащэрэ. Зэщхьэгъусэхэм я унагъуэшхуэм я сабий еянэт ар. И анэкъилъхухэр балигъ хъуауэ езыр дунейм къытехьами, сабий кIасэр ягъэсэхъуакъым, атIэ, адрейхэми хуэдэу, унагъуэкIэ къалэн гуэрхэр иIэрэ ар гъэзэщIэным жэуаплыныгъэ хэлъу бгъэдыхьэущ зэрагъэсар.

Зи анэр гъэфIэгъыцIэу «ПIытIэкIэ» зэджэу къэхъуа щIалэ цIыкIум ипэжыпIэкIэ и цIэ дыдэр Заурбэчт, арщхьэкIэ абы емыса сабийм и цIэ-унэцIэмкIэ школым къыщыщеупщIым жиIащ Иуан Мацэ зэрикъуэр, и анэри «ПIытIэкIэ» къызэреджэр. Абдеж къыщыщIидзэри, япэщIыкIэ «Петя» хъуащ, иужькIэ «Пётр»-м хуэкIуащ. Ноби ар куэдым къызэрацIыхур апхуэдэущ.

Курыт школым фIы дыдэу щеджащ Иуаныр. Еджэным нэмыщI, школым щекIуэкI нэгъуэщI сыт хуэдэ IуэхухэмкIи щыпэрытт. И ныбжьхэм я деж пщIэ щиIэти, Иуаным къыхилъхьэ сыт хуэдэ жэрдэмри абыхэм къыдаIыгъырт. Апхуэдэу «Тимуррэ абы и гупымрэ» фильмым еплъа нэужь, а зэгухьэныгъэ цIыкIум хуэдэ я жылэм къыщызэригъэпэщат абы икIи зи ныбжь хэкIуэтахэм ядэIэпыкъуурэ псапэ зыпылъ лэжьыгъэ куэд зэфIихащ.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 50 - 60 гъэхэм ди къэралым и дэнэ щIыпIи къыщежьат школ производственнэ бригадэхэр. Старэ Шэрэдж жылэм 1958 гъэм къыщызэрагъэпэща апхуэдэ ныбжьыщIэ гупым я пашэу щытащ Пётр, ехъулIэныгъэхэр яIэу колхоз губгъуэм щылэжьащ. ШколакIуэхэм зэрахьа нартыху гектар 30-м гъавэ бэв къызэрытрахам папщIэ колхоз правленэм къыбгъэдэкI сыхьэти тыгъэ къыхуащIат. КъинэмыщIауэ, школым и пионер, комсомол зэгухьэныгъэхэм я унафэщIу екIуэкIащ.

Иуаныр хуабжьу дихьэхырт спортымрэ физкультурэмрэ. Атлетикэ псынщIэр, хьэлъэр, бэнэкIэ хуитыр зыхилъхьэ щымыIэу фIэфIт. АбыкIэ спортымкIэ мастер хъуауэ щытащ ар.

Зэджэ предметхэм ящыщу Пётр нэхъыбэу дэзыхьэхыр физикэмрэ математикэмрэти, а щIэныгъэхэм нэхъ кууэ хуеджэн мурадкIэ 1959 гъэм щIэтIысхьащ КъБКъУ-м математикэмкIэ и факультетым.

- ЩIэныгъэхэм я пащтыхь гуащэ есэпыр сыт хуэдэ зэмани апхуэдэу къонэж. Иджыри сыстуденту сэ мурад сщIащ си гъащIэр щIэныгъэ-къэхутэныгъэ Iуэхухэм хуэзгъэпсыну, - студент илъэсхэм топсэлъыхь Пётр. - А лъэхъэнэм сыдихьэхащ Совет Союзым «щIэныгъэ нэпцIу» илъэс куэдкIэ къыщалъыта кибернетикэм. А щIэныгъэм зегъэужьыным нэхъыбэу щелэжьыр Киевт, елэжьри академик цIэрыIуэ Глушков Викторт. Къэзгъуэтри сэр-сэру зджауэ щытащ а еджагъэшхуэм и «Цифровой автоматхэм я синтезыр» тхылъ гъэщIэгъуэныр, нэгъуэщIхэри. Кибернетикэм, компьютер технологием я зэфIэкIышхуэхэм, абыхэм я къэкIуэну лъэщым зэуэ дихьэха сэ зыкIи сыкъыпхуэгъэувыIэжынутэкъым - абыхэм кууэ сызэрыхуеджэнур си гурылъ быдэт.

КъБКъУ-р ехъулIэныгъэкIэ къэзыуха щIалэщIэр ерыщу яужь ихьащ и мурадыр зэрызригъэхъулIэным. Илъэс куэд ипэкIэ, и сабиигъуэу, тегушхуэу и закъуэ школым зэрыщIэтIысхьам хуэдэу, щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ адыгэ щIалэр къыщыщIидзащ Украинэм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием КибернетикэмкIэ и институтым и бжэIупэм. Ди къэрал псом щыщу IэщIагъэлI ныбжьыщIэ нэхъыфI дыдэхэрат абы и аспирантурэм щIэтIысхьэфыр, сыту жыпIэмэ, абы щызрагъэгъуэт щIэныгъэ лъагэр дунейпсо мардэм къитIасэу, дунейпсо утыку уизышэфу щытти. Тхьэм фIыуэ къилъэгъуа щIалэщIэм абдежми къехъулIащ и хъуэпсапIэр: 1965 гъэм ар хъуащ зи гугъу тщIы институтым и аспирант. Академик Глушковыр и унафэщIу къэхутэныгъэ хьэлэмэт куэд иригъэкIуэкIащ, щIэныгъэ статья зыбжанэ итхащ, ахэр и лъабжьэу игъэхьэзыращ и кандидат лэжьыгъэри. А диссертацэр 1972 гъэм ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ икIи физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидат цIэр къыфIащащ.

ЩIэныгъэлI щIалэр яфIэфIу къагъэнэжат КибернетикэмкIэ институтым, арщхьэкIэ щалъхуа щIыналъэр зи гум имыкI хэкупсэ нэсым нэхъ къищтэрт и зэфIэкIхэр и хэку цIыкIум и зыужьыныгъэм хуигъэлажьэмэ. Киев илъэсищкIэ щылэжьа нэужь, абы Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэзэжащ икIи компьютер программированиемкIэ, кибернетикэмкIэ егъэджакIуэу КъБКъУ-м уващ. Куэд дэмыкIыу республикэм къыщызэIуахащ Вычислительнэ центр. Абы и унафэщIу щытыныр хуагъэфэщащ зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ щIэныгъэлIым. Ар зи пашэ гупым щIэныгъэр хуагъэлэжьащ цIыхубэ хозяйствэр автоматизированнэ Iуэху зехьэкIэхэм хуэгъэкIуэным, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм экономикэ хъерышхуэ къызэрыпэкIуэр наIуэ къащIу. Ди республикэм япэ дыдэу къыщызэрагъэпэща апхуэдэ IэнатIэм къиихьа къэралпсо ехъулIэныгъэхэм папщIэ, СССР-м и Министрхэм я Советым и ЩIыхь Тхылъыр къыхуагъэфэщауэ щытащ Иуан Пётр.

Компьютер технологиехэр студентхэм шэщIауэ яджыным Пётр елIэлIащ къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм. Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш институтым (иджы университетым) зэрабж техникэмрэ автоматизацэмкIэ и кафедрэм и унафэщIу, «АСУ Севкавагропром» Кавказ Ищхъэрэ щIэныгъэ-производственнэ зэгухьэныгъэм и пашэу щыту, а унэтIыныгъэм ехьэлIауэ щIэ куэд къиугъуеящ. Зэман кIыхькIэ иригъэкIуэкIа апхуэдэ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр лъабжьэ зыхуищIа, щIэныгъэлI пажэ куэдым гунэс ящыхъуа и доктор диссертацэр Иуаным утыку къыщрихьар 1986 гъэрщ. А лэжьыгъэ купщIафIэри Иуаным апхуэдэу щыпхигъэкIащ УССР-м и АН-м КибернетикэмкIэ и институтым, техникэ щIэныгъэхэм я доктори хъуащ. 1989 гъэм абы къыфIащащ профессор цIэр.

ЦIыхугъэ лъагэ зыхэлъ щIэныгъэлIыр жылагъуэ Iуэхухэми дапщэщи хуэжыджэрщ. 1990 гъэм ар хахауэ щытащ КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату, цIыхубэм я дзыхь кърагъэзри.

Зи зэфIэкIымрэ зи щIэныгъэкъэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я мыхьэнэмрэ зэманым дэин, дэбагъуэ щIэныгъэлIым и фIыгъэщ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и щIэныгъэ центр 1993 гъэм ди щIыналъэм къызэрыщызэIуахар. Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэм Iэмал ягъуэтащ дунейпсо щIэныгъэ зыужьыныгъэм и зы Iыхьэ, мыинми, пщIэ зиIэ, хъуну. Ди республикэм, Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм зэрыщыту щIэныгъэм нэхъри зыщиужьынымкIэ шэсыпIэ хъуащ а щIэныгъэ центрыр. Абы лъандэрэ ди лъэпкъ щIэныгъэр лъагапIэщIэхэм нэсащ, ди щIэныгъэлIхэми унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ зэфIах къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэми я лъабжьэр нэхъ куу, я купщIэр нэхъ лъэщ хъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и нэIэм щIэт щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм ящыщщ Ядернэ къэхутэныгъэхэмкIэ Урысей Академием ди щыпIэм щиIэ Бахъсэн нейтриннэ обсерваторэр, абы и Президиумым егъэщIылIащ ГеографиемкIэ къудамэр. Апхуэдэу а IэнатIэм епхауэ мэлажьэ РАН-м АстрономиемкIэ и институтым Терскол щиIэ къудамэр.

КъБЩIЦ-м мы зэманым псори зэхэту щолажьэ IэщIагъэлI щэ бжыгъэхэр. Абы и щIэныгъэ лэжьакIуэхэм яхэтщ РАН-м и член-корреспондентхэр, щIэныгъэхэм я докторхэр, кандидатхэр. Институтхэм щыIэ докторантурэхэм, аспирантурэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ IэщIагъэлI куэдым. ИригъэкIуэкI щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэмкIэ РАН-м и КъБЩIЦ-р япыщIащ УФ-м, хамэ къэралхэм щыIэ щIэныгъэ зэгухьэныгъэ куэдым. Абыхэм щызэфIах лэжьыгъэхэм къызэщIаубыдэ щIэныгъэ унэтIыныгъэ куэд. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, астрофизикэр, математикэр, информатикэр, кибернетикэр, щIым епха щIэныгъэр, географиер, экологиер, экономикэр, зэпIэзэрыт щIыналъэ зыужьыныгъэр, гуманитар къэхутэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр. А къэхутэныгъэщIэхэр зи лъабжьэ щIэныгъэ конференцхэр, симпозиумхэр щIэх-щIэхыурэ щызэхашэ центрым. Абыхэм ящыщ куэдым дунейпсо мыхьэнэ яIэщ икIи ди къэралым, хамэ щIыналъэхэм я щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр хэтщ.

Пётр зэрыжиIэмкIэ, гъащIэр езыгъэфIакIуэ техникэм адэкIи зиужьын папщIэ, щIэныгъэр абы япэ иту бэкъуэн хуейщ. А псоми мылъку хуейщ, къинэмыщIауэ, (абы нэхъ мыхьэнэшхуэ иIэщ) къэхутэныгъэхэр езыгъэкIуэкIыфын, щIэныгъэ Iуэхур адэкIэ зыгъэкIуэтэн щIалэгъуалэ дыхуэныкъуэщ. Хэку псор ипэкIэ зыгъэкIуэтэфын лэжьыгъэ купщIафIэ яхузэфIэхынущ ди щIыналъэм и щIэныгъэлIхэм. Абыхэм къащIэувэ щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм Iэмал псори егъэгъуэтыпхъэщ, ябгъэдэлъ зэчийр нэсу къызыкъуахын, я зэфIэкIхэр утыкушхуэхэм щагъэлъэгъуэфын папщIэ. Иуаныр мэгугъэ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хуэфэщэн къэрал гулъытэ дапщэщи игъуэтыну, гъунэ зимыIэ а фIыгъуэр ди Хэкум, абы и цIыхухэм я ехъулIэныгъэм нэсу хуэлэжьэфын папщIэ.

Иуаным хузэфIокI дунейпсо мыхьэнэ зиIэ къэхутэныгъэхэм я зэхэублакIуэ, жэрдэмщIакIуэ хъун, ди республикэм и щIэныгъэлIхэм я лъэкIыныгъэхэр щIыналъэм и зыузэщIыныгъэм къыхузэщIигъэуIуэн. Лъэныкъуэ куэд къызэщIеубыдэ Пётр бгъэдэлъ зэчиишхуэм. Ахэр хуэгъэпсащ математикэм, кибернетикэм, информатикэм, жылагъуэ-политикэ, техникэ щIэныгъэхэм. Щалъхуа щIыналъэм, щыпсэу къэралым я къэкIуэнум дапщэщи егъэпIейтей хэкупсэ нэсыр, жылагъуэ лэжьакIуэ емызэшыр. Аращ ар пщэдейрей махуэм хьэлэлу щIыхуэлажьэр, зэману, къаруурэ иIэр, бгъэдэлъ щIэныгъэ куур мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхум щIыхуиунэтIыр. ЗэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ Иуаным пщIэшхуэ щиIэщ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием. Абы и щыхьэтщ Иуаным и Iуэху еплъыкIэр абы къызэрыщалъытэр, и псалъэм зэрыщыщIэдэIур.

ЩIэныгъэм зи гъуэгу бгъуфIэ щыпхызыша, зи IэдакъэщIэкIхэмкIэ ди республикэм, Урысейм я мызакъуэу щIыналъэ, къэрал куэдым къыщацIыхуа Иуаным щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэр къыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ. Абы и къалэмыпэм къыпыкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 130-рэ, монографиеу 8, щIэуэ къигупсысащ хьэпшып зыбжанэ. ИригъэкIуэкI лэжьыгъэхэр къалъытэри, Иуаным къыфIащащ «УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, СССР-м и Министрхэм я Советым и саугъэтыр, РАН-м, КъБР-м я ЩIыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэу ар ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Академием (Мюнхен), ЩIэныгъэхэмкIэ Нью-Йорк академием, Естественнэ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, нэгъуэщI щIэныгъэ зэгухьэныгъэ зыбжанэми я академикщ, КъБР-м и Iэташхьэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэтщ, ЩIэныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмкIэ абы и къудамэм и унафэщIу. Иуан Пётр и цIэр иратхащ США-м къыщыдэкIа «Дуней псом и цIыху щэджащэ 5000» тхылъым. 2016 гъэм Иуан Пётр хуагъэфэщащ ди республикэм и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр. 2017 гъэм къыщыщIэдзауэ ар Оксфорд академие союзым и академикщ.

Иуан Пётр и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу пщэдей. Пэрытыныр зи псэукIэ щапхъэ адыгэлIым и гъащIэ псор зытриухуар лъэпкъ щIэныгъэм зегъэужьынырщ, абы и хъерыр цIыхубэм яхуэгъэлэжьэнырщ. Гъуэгуанэ купщIафIэ, IуэхугъуэфI куэдкIэ гъэнщIа къикIуащ абы. Ноби ар дунейм тетщ, къэралым, щалъхуа хэкум зиужьыным, ехъулIэныгъэ яIэным и щIэныгъи, зэфIэкIи, къаруи хуигъэпсу, унагъуэкIи, къыщIэхъуэ щIэблэкIи, Тхьэм и фIыщIэкIэ, гукъеуэ имыIэу.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

ТекIуэныгъэ-77

# ЛIыхъужьым и гъуэгу

## Ачмыжь Айдэмыр къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу

**Къурей губгъуэжьыр къызэбнэкIрэ Сэтей щхьэпцIанэм уиту зы теуэгъуэ хуэдиз укIуэцIрыкIмэ, адыгэхэр НэкусхьэблэкIэ зэджэ нэгъуей жылэр, нобэ Новкус-Артезиан фIэщыгъэр зезыхьэр, щысщ. Къуажэр мыин дыдэми, зэгуэр цIыху куэд щыпсэууэ щытащ, тхыдэ гъэщIэгъуэни иIэщ. Адыгэхэр псатхьэ жылэкIэ зэджэ къуажитIым зыр Нэкусхьэблэщ, етIуанэри - Псыхуабэ пэмыжыжьэу щыс Къанлыщ. Пхъурылъху жылэщ жаIэурэ пщIэ хуащIу, якIэлъыкIуэу, езыхэри щIэх-щIэхыурэ адыгэхэм къахыхьэу щытащ. Ди лъэпкъым и гугъу ящIрэ и цIэр къраIуэмэ, нэгъуей цIыхубзхэр зэщIотаджэ, щIыжаIэри аращ - я бзылъхугъэ нэхъыжьхэр адыгэхэм ящыщт, фIэлIыкIрэ пщIэрэ зыхурагъэщIат. Нэгъуейхэмрэ адыгэхэмрэ я зэхуаку дэлъа зэхущытыкIэм дытепсэлъыхьын хуей щIэхъум зы щхьэусыгъуэ иIэщ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм Нэкусхьэблэ деж щекIуэкIа зауэ гуащIэм и щхьэр хилъхьащ къызыхэкIа лъэпкъым и цIэр щытхъу дахэ пылъу кърезыгъэIуа, Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща Ачмыжь (кIахэ адыгэбзэкIэ - Ацумыжь) Айдэмыр. Шур щепсых и мащэщ, жаIэ адыгэхэм. Айдэмыр Нэкусхьэблэ щыщIалъхьэжащ, и кхъащхьэри нобэр къыздэсым щызэрахьэ.**

ХЭКУ зауэшхуэм хэкIуэда дэтхэнэми и кхъащхьэм гулъытэ иIэщ, ар щыгъэтауэ, хэгъэгум и нэIэ тету зэрахьэ жызыIэн щыIэнщ. Ар пэжщ. Уеблэмэ Нэкусхьэблэ и Iэгъуэблагъэм щекIуэкIа зауэ гуащIэм хэкIуэдахэр зыщIэлъ къуэшыкхъи къуажэм дэтщ, хуэфащэ пщIэ щигъуэту. Ачмыжь Айдэмыр и кхъащхьэр щхьэхуэу зэрыщытракъым и цIэр нэхъыбэрэ къыщIраIуэр, атIэ щIалэр адыгэм къызэрыхэкIам къуажэдэсхэр щыгъуазэу, анэш хьэкъкIэ къатехуэ гулъытэр зыхуэдизыр нэкусхьэблэ нэхъыжьхэм зэдащIэжу зэрыщытращ. Дапщэщи къуажэм дыхьэ - уадыгэу къащIамэ, нэхъ нэлейкIэ къоплъынущ. Нэгъуейхэмрэ адыгэхэмрэ я зэхуаку дэлъа зэпыщIэныгъэхэр джаур зауэжьым зэпиудауэ щытами, хуитыныгъэм щIэзэууэ зи псэр зыта щIалэм Iэджэ гукъэкIыжи къызэщигъэужыгъат... Нэкусхьэблэри а гукъэкIыжхэм Iулыдж хуищIу нобэми къогъуэгурыкIуэ.

Суворов Александр, Кутузов Михаил, Хмельницкий Богдан я щIыхькIэ щыIэ орденхэр зыхуагъэфэща, Бэракъ Плъыжьыр зезыхьэ 10-нэ Псыжь-Слуцк гвардие къэзакъ шуудзэм IэщэкIэ зэщIэузэда и 2-нэ гвардие шуудзэ щхьэхуэм и топузэд, гвардием и зауэлI Ачмыжь Айдэмыр Ахьмэд и къуэр 1912 гъэм гъатхэпэм и 22-м Шапсыгъ щIыналъэм хыхьэ ШэхэкIеишхуэ къуажэм къыщалъхуащ, хабзэшхуэрэ зэгурыIуэрэ зэрылъ унагъуэми къыщыхъуащ. Зы анэ къилъхуахэм я зэхущытыкIэн хуейм щегъэжьауэ цIыхум яхыхьэмэ къыдалъагъупхъэ щэнхабзэхэм щыщIэкIыжу щапхъэмрэ бзыпхъэмрэ щIапIыкI щIалэм пасэу къыгурыIуащ гъэсэныгъэм и мыхьэнэр зыхуэдэр. Нобэ нэхъыжьыгъэр къызылъысауэ ШэхэкIеишхуэ дэс тхьэмадэхэм къыжраIэжауэ щытауэ ягу къызэрагъэкIыжымкIэ, Айдэмыр егъэлеяуэ цIыху щыпкъэт, зэпIэзэрытт, укIытэшхуэ хэлът, и Iэдэбагъым узыщигъэукIытэрт. Къепсалъэм жиIэр и кIэм нимыгъэсауэ зэпиудынутэкъым, ар къэгъэнауэ, езыри тIэкIу емыгупсысауэ и псалъэр абы занщIэу пигъэувэнутэкъым. Абы къыхэкIыу зэрыщIалэрэ жьыи щIэи къыфIэлIыкIыу щытауэ жаIэж.

Айдэмыр фIэгъэщIэгъуэн дыдэт къэзыухъуреихь дунейм и ухуэкIэр, абы и щэхухэр зригъэщIэну хущIэкъурт, бгыхэм дэкIыныр, Iуащхьэхэм кIэрыхьэныр, псыхъуэхэм щызэхэзекIуэныр зыхилъхьэ щыIэтэкъым. Шапсыгъ нэхъыжьхэм къабгъэдихауэ щалъхуа хэкум и дэтхэнэ щIыпIэми теухуа хъыбар бжыгъэншэхэм щыгъуазэт, удихьэхыуи къиIуэтэжыфырт. «Ачмыжьхэ я щIалэм Шапсыгъыр къыкъуэнэжыну и хъыбарыр гукIэ зэрегъэзахуэ», - жаIэу и щIэжым цIыхур къехъуапсэу гурыхуэт. Арагъэнущ лъэпкъ IуэрыIуатэхэр зэхуахьэсыжыну шапсыгъ лIыжьхэм я деж къакIуэ щIэныгъэлIхэр япэщIыкIэ Айдэмыр IущIэу, зытекIухьа Iуэхум и къегъэжьапIэ хъунур абы деж щызэрагъэпэщу щIыщытар.

ЗэрыцIыкIурэ еджэным и гур етауэ къызэрытэджари нэхъыжьхэм я Iущыгъэу зыхилъхьари зэхыхьэжауэ къыщIэкIынущ Айдэмыр еджапIэ нэхъыщхьэ щIэтIысхьэну щIытегушхуар, бгъэдэлъ щIэныгъэм щIэблэр щигъэгъуазэу лэжьэн гуращэр къыщIыхихар. Ачмыжьым егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру Мейкъуапэ дэт училищэр 1937 гъэм къиуха нэужь, Краснодар дэт институтым и щIэныгъэм щыпищащ. ЩIалэм къыхихар географием пыщIа IэщIагъэрщ. ЕгъэджакIуэу лэжьэну хуит зыщI тхылъыр къыщыIэрыхьэм, Айдэмыр Шапсыгъым игъэзэжри, къыщыхъуа ШэхэкIеишхуэ къуажэм тIэкIурэ щылэжьащ. ЩIалэ жаным и Iуэху щIэкIэм щIэх гу къылъатащ икIи адыгэ къуажэ пхыдзахэм языхэзым, ФIеикъуэ жыхуаIэм, дэт еджапIэм и унафэщIу ягъэуващ. Абдеж Iуэхур щызэтриублэм, Хьэджыкъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэм и унафэр зэрихьэну ягъэкIуащ. Айдэмыр щылэжьа къуажэхэм псоми лъэужь дахэ къыщигъэнащ, нобэр къыздэсым ящымыгъупщэжауэ и гугъур щащIуи зэхэпхынущ.

ГъащIэм Iэджэ гугъапIэхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ ирипхырт щIалэм. ПщIэ зыпылъ лэжьыгъэ иIэт, еджэныр иухыу игъэзэжа нэужь унагъуэ дахэ иухуат, и щхьэгъусэ Хужь дигъуэтат Александр зыфIища щIалэ цIыкIур. АрщхьэкIэ зауэм Iэмал къритакъым и щIалэ закъуэм гу щихуэну. 1941 гъэм къэхъея зауэ мэхъаджэм Iэджэ унагъуэ насыпи кърикъутэхыгъащ... ЕджапIэр къигъанэу зэуапIэм Iухьэну Айдэмыр мызэ-мытIэу лъэIуа щхьэкIэ, зыри къикIыртэкъым, IэнатIэ ирихьэкIыр зригъэтIылъэкI мыхъуну къыжраIэурэ къыхуадэртэкъым. Апхуэдэурэ мазэ зыбжанэ кIуауэ, щалъхуа къуажэм щыщ щIалэхэм зауэм дэкIыну зыкъыщаIэтым, и напэ ебэкъуэфакъым - къалэмыр игъэтIылъри, Iэщэр къищтащ, и Хэку, и жьэгу, и унагъуэ къащхьэщыжыну.

«Зэры-Шахэпэу заIэт,
Iэщэ зыщтахэр дошэсыкI,
ЩIылъэр къэщтами,
Шапсыгъ щIалэхэр къэщтэнкъым», - жаIэурэ щIалэхэр дэкIащ, я псалъэри ягъэпэжащ.

Дзэ Плъыжьым хэхуа щIалэщIэхэр Шапсыгъ щIыналъэм дзэ хуэIухуэщIэхэмкIэ и къулыкъущIапIэм 1942 гъэм мазаем топузэду 267-нэ шуудзэ щхьэхуэм (1942 гъэм и шыщхьэуIу мазэм 2-нэ гвардие шуудзэ хъуам) и 2-нэ батареем хигъэхьащ. Батареер IэщэкIэ зэщIэузэда 4-нэ гвардие къэзакъ шуудзэм хэту зауэм Iухьауэ щытащ. «ПсэзэпылъхьэпIэм ихуащ» жыхуаIэр зищIысыр япэ махуэ дыдэхэм зыхищIащ Айдэмыр. «МылIэжын щыIэкъым, фи пIэщхьагъ фытелъу фи псэ хэкIми, зэуапIэм фи псэр хэфлъхьэми, фылIэнущ. Ауэ лIэным лIыгъэ хэлъщ, фи щIыбыр бийм евмыгъэлъагъу, мэхъаджэу факъыхущIэкI. Уэрэд уахътыншэр зыхуаусынухэм ящыщ фыхъу, хъуэн зрапэсым фыщIехъуэпсэн хэлъыххэкъым. Псэм ипэ напэр ивгъэщ, щIалэхэ!» - жаIэу нэхъыжьхэр къазэреущияр зи тхьэкIумэм имыкI щIалэр езыми куэд дыдэ зэрелъытар зыдищIэжу IэнатIэм пэрыуващ. Зэгуэр щIалэ щэхуу щытар къыпхуэмыцIыхужыну, шынэ жыхуаIэр зимыIэ лIыхъужьу, гушхуэ зыкIуэцIылъ зауэлI хъыжьэу зыкъигъэлъэгъуащ, цIыху гъащIэмрэ мамырыгъэмрэ я уасэр нэсу зыхищIэу лIыпIэ иуващ. Айдэмыр лIыгъэ щигъэлъагъуэу КъалэIус губгъуэм (Шкуринскэ икIи Кущевскэ станицэхэм я Iэгъуэблагъэм) 1942 гъэм и шыщхьэуIу мазэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм хэтащ. Куэд дыди дэмыкIыу ШэхэкIеишхуэм хъыбарыр дэз хъуащ - я къуажэгъу щIалэ Ачмыжь Айдэмыр зэрихьа хахуагъэм папщIэ Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

КъалэIус губгъуэм зэрыпхъуакIуэхэр щыхагъащIэу текIуэныгъэр къыщахьа нэужь, советыдзэм а мазэ дыдэм Мейкъуапэ - ТIуапсы лъэныкъуэмкIэ зыкъигъэзащ. Хуарзэ Iуфэм, Куэшхьэблэрэ ХьэкIэмзейрэ я зэхуакум щекIуэкIа зауэ хьэлъэми хэтащ Ачмыжьыр. Мыбдежи щысхьырабгъу имыщIэу бийм щезэуащ адыгэ щIалэр. Жэщи махуи ямыщIэу советыдзэм къебгъэрыкIуэ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм Ачмыжьыр Iэщэ ихакIэ щахэлъадэм, къызэщIиIэта зауэлIхэм бийр Iэнкун ящIат, зыкъэщIэжыгъуэ ирамыгъахуэуи ирагъэкIуэтат. Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр къыщыхуагъэфэщар а зэхэуэм иужькIэщ.

Айдэмыр зыхэт шуудзэр 1942 гъэм шыщхьэуIум и 10-м Гудермес лъэныкъуэмкIэ ядзащ. КавказщIыб фронтым хэту IэщэкIэ зэщIэузэда 2-нэ гвардие шуудзэ щхьэхуэр Сэтей щхьэпцIанэм мазищкIэ щызэуащ, Кудэкъуэ цIыкIу (Владимировкэ), Къамылыкъуэ (Камыш-Бурун), Шыгъукъуэ (Ачикулак) жылагъуэхэри щхьэхуит къащIыжащ. Ачмыжь Айдэмыр и унафэм щIэт 2-нэ батареер зрапха 36-нэ гвардие шуудзэр жэщым, 1942 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м, нэмыцэхэм уащхъуэдэмыщхъуэу ятеуэри, Нэкусхьэблэр къыIэщIахыжащ, Мэздэгурэ Буденновскрэ зэпызыщIэ гъуэгуми ахэр фIыуи пыIуидзащ. Нэмыцэдзэм и дзэ унафэщIхэм (Вермахтым) мы гъуэгум мыхьэнэшхуэ иратырт, сыт къэмыхъуами ар яубыдыжыну хущIэкъурт. Арагъэнущ Iэщэ-фащэкIэ зэщIэузэда икIи зэгъэпэща нэмыцэдзэр мы щIыпIэм къыщIриутIыпщхьари.

Нэкусхьэблэр щIэрыщIэу яубыдыжын щхьэкIэ етIуанэ махуэм зэрыпхъуакIуэхэр къебгъэрыкIуэу, ягъуэт хэщIыныгъэм щхьэкIи къамыгъанэу къуажэм къытегуплIэу хуежьащ. АрщхьэкIэ дыхьэфакъым, ирагъэкIуэтащ - Ачмыжь Айдэмыр и зауэлI къалэныр и кIэм нэс игъэзэщIащ...

Лэгъунэ нэщIым къыщIэна Ачмыжь Хужь къыхуэкIуа щыгъуэ тхылъым мыпхуэдэу итщ: «... Зауэр къыщызэщIэплъэм, бийм и топышэр Ачмыжьыр зыхэт расчётым къытехуэри, псори зэтриукIащ, езы Айдэмыр уIэгъэ хъуащ. Ауэ абы щхьэкIэ къимыгъанэу, щIалэр топым еувалIэри, сыхьэтихкIэ бийм езауэу бгъэдэтащ, танк 11-м ящыщу 5-р къигъэуэн лъэкIащ. Советыдзэм щыщ дэIэпыкъуэгъухэр къэсыху Айдэмыр биидзэр зэтриIэжьащ, къуажэри яригъэубыдакъым...». Зауэ мафIаем зи щхьэр хэзылъхьа щIалэм и цIэм къыщымынэу, зыщыщ лъэпкъ уардэм и цIэри къыхощ зи гугъу тщIа щыгъуэ тхылъым: «**Адыгэ Хэкум (Черкесием) и къуэ хахуэ, гвардием и зауэлI Ачмыжь Айдэмыр бийм и пащхьэ къыщыскIакъым, лIыгъэ хэлъу и псэр Хэкум и хуитыныгъэм щIитащ**».

Нэкусхьэблэдэсхэм куэдрэ ягу ихуакъым а зауэ лъыкIпсыкIыр. ЩIытIым увыIэгъуэ имыIэу къилъэлъ топышэр зэпыуа пэтми, биидзэр абдеж къекIуэлIэну куэдрэ зэрыримыкуам, псэ зыхэмытыж щIалэ хъыжьэм къыбгъэдыхьэнуи дзыхь зэримыщIам и хъыбарыр тхыдэм къыхэнащ...

Адыгэ щIалэм и лIыгъэр фронтым псынщIэ дыдэу щызэлъащIысащ. Айдэмыр зэрихьа хахуагъэм хуищI пщIэмрэ Iулыджымрэ я щыхьэту, Хэку зауэшхуэм хэта усакIуэ Исаков Андрей «Унафэр игъэзащIэу» зыфIища усэр а лъэхъэнэм зэIэпахыу зауэлIхэм яIыгъащ, макъами щIагъэувэжри уэрэду жаIэу къекIуэкIащ. Усэу къежьар гъуэгурыкIуэ уэрэду зауэлIхэм зыкъомрэ къадэгъуэгурыкIуащ. Зауаем и бахъэр цIыхум щащхьэкIым, Нэкусхьэблэ и Iэгъуэблагъэм щыкIуэда щIалэхэм я хьэдэхэр губгъуэм кърахыжри, къуажэм щыщIалъхьэжащ, Ачмыжь Айдэмыри иужьрей увыIэпIэр абдеж щигъуэтащ...

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1943 гъэм гъатхэпэм и 31-м къищта унафэм ипкъ иткIэ, ШэхэкIеишхуэм къыдэкIа адыгэ щIалэм Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыхуагъэфэщащ. Езым имылъагъужами, адэм, адэшхуэм и лIыгъэр зи напщIэм телъ бын хъарзынэ къыщIэнащ, лъэужь дахэ къэзыгъэна лIыхъужьым и фэеплъыр я гум имыхуу, хуэсакъыу яхъумэу.

Пэж дыдэу, адыгэ лIыхъужьым и фэеплъ гъуэгур фIэрафIэу къыщIэкIащ. Хэку зауэшхуэм и музей нэхъыщхьэм хэт Дзэ ЩIыхьым и Унэм дыщэпскIэ блыным къыхэIущIыкIащ ЛIыхъужьым и цIэр. Мэзкуу дэт ТекIуэныгъэм и Паркым и музейм цIыхуу щыпэкIур къыпхуэмылъытэным хуэдизщ - дэтхэнэми Iэмал иIэщ адыгэ щIалэм и цIэ-унэцIэр щызэхахыну, зэрихьа лIыхъужьыгъэм и хъыбарым щыщIэдэIуну.

Айдэмыр и псэр щита щIыпIэм, Нэкусхьэблэ деж, 1962 гъэм, ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу, езы къуажэри бийм къызэрыIэщIагъэкIыжрэ илъэс 20 щрикъум, и кхъащхьэм фэеплъ сын трагъэуващ. Мыбдежыр цIыху кIуапIэщ. Къуажэм къыщызэрагъэпэщ зэIущIэхэри, зэхуэсхэри, пэкIухэри щекIуэкIыр мы фэеплъ утыкуращ. Кхъэлэгъунэр къабзэу зэрахьэ, цIыхуIэ зэреIусэр, зэрагъэдахэр наIуэу. Къуажэдэс нэхъыжьхэр фэеплъым «анэшыкхъэкIэ» еджэу щытащ, езыхэр къэзылъхуахэр зэрыадыгэр ямыгъэгъуащэу, я лIыхъужьыр зэрыадыгэми иригушхуэу.

ЛIыхъужьым и цIэр щалъхуа ШэхэкIеишхуэ къуажэм дэт курыт еджапIэм фIащащ, 1963 гъэм и фэеплъыр абы и пщIантIэми щагъэуващ. Абы и закъуэкъым - Хьэджыкъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэм и блыным Ачмыжь Айдэмыр и теплъэр къызытещ пхъэбгъу кIэралъхьащ. Мазэ зыбжанэкIэ еджапIэ унафэщIу щылэжьа къуажэм и зы уэрамми абы и цIэр зэрехьэ. Айдэмыр егъэджакIуэуи унафэщIуи щылэжьа ФIеикъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэми абы и фэеплъ пхъэбгъу кIэралъхьащ. ЕгъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру Мейкъуапэ дэт институтым и ЩIыхь блынми лIыхъужьым и сурэтыр фIэлъщ.

ЛIыхъужьым и фэеплъыр зэрагъэлъапIэм и щыхьэтщ Нэкусхьэблэ дэт курыт еджапIэм и ныбжьыщIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм «Ачмыжьхэр» («Ачмизовцы») цIэр зэрызэрихьэр, къуажэ музейми Ачмыжь Айдэмыр и цIэр зэрыфIащар. Зэгухьэныгъэм ухыхьэныр тынш дыдэкъым - фIыуэ уеджэу, нэхъыжьым хуэфащэ пщIэмрэ гулъытэмрэ хуэпщIу, щапхъэ зытрах ныбжьыщIэ губзыгъэ цIыкIуу ущытын хуейщ, «нэгъэсауэ у-Ачмыжьщ» къыбжаIэн папщIэ.

Адыгэ щIалэм и фэеплъыр екIуу зэрахъумэр хьэкъ тщищIащ ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм иригъэщIа, еджапIэм узэрыщIыхьэу IуплъапIэ дыдэм деж къыфIадза Ачмыжь Айдэмыр и сурэтышхуэм. И гъащIэ мащIэм еджапIэм щылэжьэну, сабийм яхэтыну, щIэныгъэкIэ цIыхум дэгуэшэну щIэхъуэпса щIалэм и нэгум утыкур къегъэнэху, хэт щIыхьэми и нэ къабзитIымкIэ щыму иригъэблагъэ хуэдэу къыпщохъу.

... МащIэ псыи ежэха зауэр зэрыувыIэрэ, Iэджэ псэи кIуэжа дуней пэжым абы лъандэрэ, ауэ иджыри къыздэсым блэкIа Iуэхугъуэ бзаджэхэм ущегупсыскIэ гур ехуз, нэпс зэпымыужым итхьэлэу быным, анэкъилъхухэм, щхьэгъусэхэм щхьэкIэ тхьэ елъэIуу унэм къыщIэна адэ-анэхэм, къуэш-шыпхъухэм, щуIэгъэхэм ягъэва бэлыхьым узэхуешэ. Гум зыри ихужыркъым, мащIэу щыужьыхыу аращ, зэпымычу щыпIэжьажьэу. А илъэс бзаджаехэр зи нэгу щIэкIа нэхъыжь куэд нобэ къытхэмытыжми, яфIэкIуэда цIыхухэм хущIагъэкIа нэпсыр тлъэгъуащи, а нэпсри, нэпсыр зыхущIагъэкIахэри дэркIэ лъапIэщ. Ачмыжь Айдэмыр хуэдэ защIэщ зэуапIэ губгъуэм икIуэда псори, мамырыгъэр зи гум илъ, цIыхугъэр зи щапхъэ дэтхэнэ зыми абыхэм я фэеплъыр ямыгъэкIуэду яхъумэнущ. Аращ цIыхур уахътыншэ зыщIри.

*Тхыгъэри сурэтри зейр «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель*
**ТАБЫЩ Муратщ.**



Юбилей

# МыкIуэдыжын лъэужь

## Абхъаз тхакIуэ Шинкубэ Бэгърат къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу



**Абхъаз Республикэм и цIыхубэ усакIуэ, тхакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Шинкубэ Бэгърат 1917 гъэм накъыгъэм и 12-м Члоу къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэм иужькIэ, Сыхъум педагогикэмкIэ техникумыр, кIэлъыкIуэу пединститутыр къиухащ, и щIэныгъэм аспирантурэм щыпищащ.**

1938 ГЪЭМ дунейм къытехьащ Шинкубэм и япэ усэ тхылъыр, абы щыщIэдзауэ зы махуи игъэтIылъакъым къалэмыр, сыт хуэдэ къулыкъу пэрыхьами: зыбжанэрэ хахащ абхъаз тхакIуэхэм я союзым и унафэщIу, Абхъаз Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафIэщI къулыкъур илъэс куэдкIэ зэрихьащ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытащ мызэ-мытIэу и гуащIэ нэгъуэщI жылагъуэ Iуэху куэдым хилъхьащ.

Шинкубэ Бэгърат и усыгъэхэмрэ прозэмрэ абхъаз лъэпкъ литературэр, ублэмэ лъэпкъ тхыбзэр гъэгуанэщIэ зэрытрагъэувам зыми шэч къытрихьэркъым. Абхъаз литературэр ирогушхуэ Шинкубэ Бэгърат и къалэмыпэм къыщIэкIа «Си лъэпкъэгъухэр», «Къуршым и пшыналъэ», «Мывэ къутахуэ» романхэм, «Чантэ къэсыжащ» повестым, нэгъуэщIхэми.

Шинкубэм и IэдакъэщIэкI псоми къахощхьэхукI «ЖылакIэ» романыр. Ар дунейм къызэрытехьэхэу цIэрыIуэ хъуащ, бзэ куэдкIи зэрадзэкIащ.

«ЖылакIэ» романым лъабжьэ хуэхуар кавказ бгырыс лъэпкъхэм ящыщ зым - убыххэм - я щхьэм къарикIуа насыпыншагъэрщ. Абы и пэжыпIэр къиIуэтэжыфащ Шинкубэ. КъыхэгъэщыпхъэщI а романыр урысыбзэкIэ зэзыдзэкIар усакIуэ, прозаик, драматург цIэрыIуэ Симонов Константину зэрыщытыр. Адыгэбзэм къизыгъэзэгъар зэдзэкIакIуэ Iэзэ Къэрмокъуэ Хьэмидщ.

Пэжыр жыпIэнумэ, Шинкубэ нэхъыбэу къыдэзыгъэцIыхуар «ЖылакIэ» романырщ. Убыххэм я щхьэм къарикIуам триухуауэ щытми, а романыр кавказ лъэпкъхэм я гум къипсэлъыкI тхыгъэщ. Адыгэ лъэпкъым и нэгу щIэкIа зауэ гуащIэр, ди нэгу къыщIегъэхьэ, итхым дыхешэри, куэд зыхыдегъащIэ псэкIэ.

Къэрмокъуэ Хьэмидрэ Симонов Константинрэ адыгэбзэкIэрэ урысыбзэкIэ абхъазыбзэм кърахыу ди пащхьэ къыщралъхьэм псэщIэ иратауэ къэплъытэ хъунущ. Къапщтэмэ, Къэрмокъуэм и лэжьыгъэр икъукIэ лъэщ, гурыIуэгъуафIэ зэрыхъуар къыхэзгъэщынут. Ар, дауи, и фIыщIэщ Хьэмид тхыдэм, бзэм, IуэрыIуатэм теухуауэ щIэныгъэшхуэ зэрыбгъэдэлъым.

Убых лъэпкъыр нобэ щымыIэжми, абы я тхыдэр къэнащ. Апхуэдэ гуауэ зи натIэ хъуа куэди щыIэу къыщIэкIынкъым. Шинкубэ, мы романымкIэ зыхуигъэувыжа къалэныр къехъулIащ. Ар зытетхьыхыжар зы цIыху закъуэ и гъащIэкъым, лъэпкъ псом игъэвар дигъэлъэгъуащ. Убыххэм я нэгу щIэкIам хуэдабзэщ адрей бгырыс лъэпкъхэми - адыгэхэми, абхъазхэми, шэшэнхэми, осетинхэми, абазэхэми - я фэм дэкIар, я натIэ хъуар. Ауэ абыхэм я насыпщ: хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтами, убыххэм хуэдэу мыкIуэдыжыпэу, лъэпкъ мащIэу къызэтенэн яхуэфIэкIащ. А псоми я щхьэфэ йоIэбэ Шинкубэ и романымкIэ, и гур мэуз и лъэпкъым папщIэ. А гурыгъузымрэ и лъэпкъым хуиIэ фIылъагъуныгъэмрэ и лъабжьэу романыр къигъэщIын хузэфIэкIащ.

ТхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ Шинкубэ Бэгърат и ныбжьыр илъэс 87-м иту, 2004 гъэм мазаем и 25-м дунейм ехыжащ. Езыр мыпсэужми, и IэдакъэщIэкIхэр, и усыгъэхэр, и романхэр цIыхубэм зэIэпах. МыкIуэдыжынщ абы къигъэна лъэужь дахэр.

**УЭРКЪ Жыраслъэн.**

Тхыдэ

# Адыгэхэр Кърымым

**Нобэ Кърыму тцIыху щIыналъэм VIII лIэщIыгъуэм къыщызэрагъэпэщауэ щытащ Константинополь патриархатым и зы къудамэу Гъуэт епархиер. Феодоро зыфIаща щIыналъэм и члисэ лэжьакIуэхэм яIурылъыр пасэрей герман лъэпкъыжьхэр зэрыпсалъэу щыта бзэрт. ИужьыIуэкIэ, IX лIэщIыгъуэхэм алыджыбзэр къызэдащтащ. ХытIыгуныкъуэм лъэпкъ куэд щызэхэст, сондэджэр бжыгъэншэхэр къекIуалIэрт, ауэ щыхъукIи, зэгурыIуэну зы бзэ яIапхъэти, гъуэтыбзэр къыхахауэ, псоми яIурылът. Арами, а зэман жыжьэм абы щыIурт адыгэбзэри!**

XV лIэщIыгъуэм ирихьэлIэу хытIыгунықъуэр щIыналъэ 26-уэ гуэшауэ, я дзэ яIэжу, мывэ къалэхэмрэ чэщанэ лъагэхэмкIэ къызэгъэпэщауэ щIыпIэ телъыджэ къызэрыгъэхъуащ. Абы и Iуфэм щызэхэзэкIуэрт пасэрей хьэрычэтыщIэхэмрэ сондэджэрхэмрэ. 1475 гъэм щыпсэурт цIыху мин 200-м щIигъу.

ЗэрыжытIауэ, «Кърымыжьым» теса лъэпкъхэм яхэтащ адыгэхэри. Ублэмэ абы и щIыналъэ 26-м языр (Керч хы тIуалэм нэхъ и гъунэгъуу) адыгэ уэркъ Миллен ейуэ щытащ. Феодоро и нэхъ зыужьыгъуэм дзэ-политикэ зэгурыIуэныгъуэхэр иращIылIащ хы мыдрыщI къыщыс Адыгэ хэкум (Черкесие) ис адыгэхэм. Апхуэдэу хытIыгунықъуэм куэду Iэпхъуащ ди лъэпкъэгъухэри осетинхэри (аланхэр), ермэлыхэри, нэгъуэщI куэди.

Адыгэр дэнэкIэ щыIэми, и Iэщэфащэкiэ, хабзэкIэ, хьэлкIэ кърипцIыхужыну псоми къахощхьэхукI. Кърымыжьым и тхыдэми къыхощыж адыгэлI хъыжьэхэр. Шэрджэсхэр зауэлI хахуэу зэрыщытым къыхэкIкIэ, ахэр хъумакIуэу къащтэрт генуэз сондэджэр къулеижьхэмрэ иужькIэ хытIыгунықъуэр зыубыда монгол бейхэмрэ. КъищынэмыщIауэ, Къаффэ адыгэ хьэблэ иIэт, Къарэсубэзэр пэмыжыжьэу, бгылъэмкIэ, - Бахъсэн къуажэр щыст.

Адыгэ уэркъхэм я къулыкъур екIурэещхьу зэрахьым къыхэкIыу, Феодоро и унафэщIхэм абыхэм къыхуагъэфащэрт лъапсэ къещIэкIахэр, щIы пшэрхэр, къедза жылэхэмрэ мэкъумэшыщIэхэмрэ щIыгъуу. Абы щыхьэт тохъуэ щIыналъэ зэпылъыпIэхэм деж щыса, Кърымыжьым и гъунапкъэхэр зыхъума адыгэхэм я Iэщэ, хьэкъущыкъу, фащэ, Iэмэпсымэхэр къызэрыщагъуэтыжар. Феодоро и къалащхьэми - Мангуп Къалэ - адыгэ зауэлIхэм увыпIэшхуэ щаубыдырт. Къалэмрэ абы и унафэщIымрэ зыхъумэр адыгэ защIэт, дзэ-политикэ и лъэныкъуэкIэ унафэ зыщIхэм шэрджэс уэркъхэри яхэтт. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, Мангуп Къалэ удэмыхьэ щIыкIэ жэней адыгэ жылэ щысащ. Абы и щыхьэтщ, Жэней цIэр зэрихьэу ауз зэрыщыIар Кърымыжьым.

Адыгэхэм яIыгъа щIыпIэхэм я цIэр зэрахьэу лIэщIыгъуэ куэдкIэ къекIуэкIащ. Псалъэм папщIэ, Бахъсысэрей щIыналъэм хиубыдэ Черкес Кермен **(Шэрджэс БыдапIэ)** жылагъуэр 1945 гъэращ щыкIуэдыжар. Феодоро и ищхъэрэ гъунапкъэм деж щыса адыгэхэр зыгъус Бэлбэч псым и зы къудамэм **Къэбартэ** фIащауэ щытащ. Иджыри зы щIыпIэ - нобэкIэ Голубинкэкiэ зэджэр пасэрей зэманым **Фотыкъалэ** (фо зыт) адыгэ жылэу щытащ. Ди лъэпкъэгъухэр зэрыщыпсэуам щыхьэт техъуэ хьэпшыпхэр къыщыщIахыжащ Сюйрен быдапIэм, Алус-тон, Фунэ, Кучук-Ламбатэ, Чембало нэгъуэщI щIыпIэхэми. КъищынэмыщIауэ, Партенитрэ Алуштрэ я зэхуаку дэлъ щIыналъэм адыгэ уэркъ и тету, абы и шыпхъур Феодорэм и унафэ-щIым и щхьэгъусэу зэрыщытам щы-хьэт техъуэ тхыгъэхэр къыхэнэжащ тхыдэм.

Иджы упщIэ къоув... Щхьэ къиIэпхъукIа адыгэхэр я Iуэху щыдэкI, пщIэ къыщыхуащI, щалъытэ щIыпIэм?

Тырку сультIанхэр КъырымымкIэ къыщыIэбэм, ар яхьэхуну къыщебгъэрыкIуэм, хытIыгунықъуэм и хъумакIуэу къэуващ абы тес адыгэ дзэхэр. Тхыгъэхэм къазэрыхэщыжымкIэ, уэру къызэрехьэжьа тыркудзэм пэлъэщакъым Феодоро теса ди лъэпкъэгъухэр. ЗэрыпхъуакIуэхэр куэдкIэ нэхъыбэт. АдрыщI адыгэхэм я нэхъыбэм я щхьэр халъхьащ а зэхэуэ гуащIэхэм. Къэнэжахэм зызэщIакъуэри, хэкум къекIуэлIэжащ. ИщхьэIуэкIэ зи гугъу тщIа Къэбартэ псы Iуфэм Iуса адыгэ жылэм а лъэхъэнэращ хэкум къыщигъэзэжар, Инал Нэху пщышхуэр зыщыщри, ахэрауэ хуагъэфащэ тхыдэжхэм.

Абдежым щиухакъым хытIыгунықъуэм теса адыгэхэм я тхыдэр. Теодоро щIыналъэр тыркухэм яубыду Кърым хъаныгъуэр яухуа нэужь, Кавказым икIыурэ адыгэхэр жылэ-жылэу абы Iэпхъуэн щIадзащ, дзэ къулыкъу щащIэну, хъаным къуэувэну. Апхуэдэу къэщIэрэщIэжащ Бахъшысэрей щIыналъэм щыпсэуа адыгэ къуажэхэр. Абыхэм яхэтIысхьэжащ адыгэ малъхъэ хъуа генуэзхэри. Хуэм-хуэмурэ генуэзхэр адыгэхэм къахэшыпсыхьащ, ди бзэри ди хабзэри къащтащ. Къанхэми адыгэ малъхъэ защIурэ, дзэ-политикэ зэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэрт.

«ХытIыгунықъуэм» тесщ нэгъуэщIыбзэкIэ псалъэхэр, абыхэм ящыщуи кърым хъаным къыхихащ шабзауэ Iэзэу цIыху 800. Сыт хуэдэ Iэщэ лIэужьыгъуэри телъыджащэу зыгъэIэкIуэлъакIуэ, зи бгъэгум шэ хьэзыр илъ адыгэ зауэлIхэрщ ахэр. И лъэ къызэрихькIэ жэ шым тес адыгэ шум дзапэкIэ къеуэдыф фочыр, апхуэдизкIэ зауэм хуэIэзэщи. Абыхэм цIыхубзхэм пщIэшхуэ хуащI. БзылъхугъэIлъэгъуамэ, жьыи щIэи зыкъаIэт, абыхэм я лъэIур - унафэм хуагъадэ. Цiыхубзым и IэлъэщIыр зэтрихамэ, зауэр ягъэувыIэ адыгэхэм. Абыхэм я бзылъхугъэхэр апхуэдизкIэ дахэщи, нэхъ лъапIэу ящэхухэри гаремхэм яшэ. Уэркъ пщащэхэр Кавказым, Европэм, Азием, Африкэм и унафэщIхэмрэ тетхэмрэ щхьэгъусэу иратри, политикэ зэгурыIуэныгъэхэр нэхъыбэкIэ ягъэбыдэж. Абы имызакъуэу, хамэ щIыпIэ гуащэу яутIыпща бзылъхугъэр къызыхэкIа лъэпкъым щыщ цIыхухъуэри щIыкъу ягъакIуэ, а къэралым къулыкъу щрахьэкIыну», - итхыжащ а лъэхъэнэм Кърымым щыпсэуа тырку зыплъыхьакIуэ Челеби Эвлие.

Кърым хъанхэм Адыгэ хэкур зэрыщыту я унафэм щIагъэувэну хэту илъэс куэдкIэ къезэуащ. Нэхъыбэрэ зытеуэри къэбэрдейхэрат. А зауэ гущIэгъуншэхэм я Iэужьу Кърым хъаныгъуэм къыщыхутащ адыгэ щхьэхуимытхэмрэ гъэрхэмрэ. Хъаныр щIэхъуэпсырт Мысырым щыIэ адыгэ мамлюкхэм ещхьу дзэ хахуэ къызэригъэпэщыну. Апхуэдэу, адыгэ щхьэхуимыт защIэкIэ къызэгъэпэща дзэшхуэ (мин 12) къыщIэуват кърым хъаным. ЛIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ екIуэкIа кърым-адыгэ зэпэщIэтыныгъэм кIэ игъуэтащ 1708 гъэм, Къэнжал зауэм адыгэхэм хъаныдзэр щызэтраукIа нэужь.

Адыгэхэр Кърымым исащ 1783 гъэ пщIондэ. Хъаныгъуэр щэщэжа нэужь зызэщIакъуэри, хэкум ягъэзэжауэ щытащ абыхэм.



**ОСТАШКЭ Андрей.**
*Кърым.*




Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ

# Къанжэм и псэукІэр



Къанжэм и жьэгъумрэ и ныбэгумрэ хужьщ, и щхьэри, и дамэри, и кІэри фІыцІэщ. Къанжэм и кІэр кІыхьщ, захуэщ, дахэ дыдэщ. Ар зэи зы щІыпІэм мамыру щыскъым, тепыІэгъуэ имыІэу къелъэтыхь.

Къанжэр дахэ щхьэкІэ, дыгъуэрабзщ. ЩІыпІэ-щІыпІэхэр къыщилъэтыхькІэ, и нэ фІыцІэ цІыкІуитІым къерегъэжыхь, «сыт къысІэрыхьэну пІэрэ» жиІэ щІыкІэу.

Джэдэщым джэд къакъэ макъ къызэрыщІэІукІыххэу, ар псынщІэу къос. Джэдэщым зыщІегъэмэракІуэри, джэдыкІэ кугъуэр кърефыкІ. Къанжэр джэдкъаз шырхэми яхуэлъэщ.

Къанжэхэм абгъуэ быдэ яІэщ. Абыхэм я абгъуэр жыг дыкъуакъуэм лъагэу дащІыхь. Абгъуэм и хъуреягъыр банэщ. Банэ Іэмбатэм и кум абгъуэ щабэр иращІыхьыж. А абгъуэм шырхэр къыщыраш. Куэд йощакІуэ къанжэ шырхэм, ауэ абыхэм зыри ялъэІэсыфыркъым.

Къанжэм теухуа хъыбару, таурыхъыу куэд щыІэщ. Ар абыхэм къахощ къуалэбзу губзыгъэу.

**МЭЛЕЙ ФатІимэ.**

# ШатэкІэ гъэбэкхъа кІэртІофыщІэрэ джэдыщІэрэ



Джэдыр ягъэкъабзэри зэпкърах, псы щІыІэкІэ ятхьэщІ, ягъэгъущ. КІэртІофыщІэр ягъэкъабзэ, псы щІыІэкІэ ятхьэщІри, пІащІэ цІыкІуурэ яупщІатэ. Тебэм тхъу иралъхьэри, градуси 150 - 160-рэ хъуху къагъэплъ, абы джэдыл шыуар халъхьэ. ЗэрагъэдзэкІыурэ мафІэ инкІэ ягъажьэ тхъуэплъ дахэ хъухукІэ, итІанэ тебэм кърахри, тепщэчым иралъхьэ.

Ар зыхэлъа тхъур градуси 120 - 130-м нэсу ягъэупщІыІу, бжьын упщІэта халъхьэ, шыбжий сыр хьэжа хадзэри, зэІащІэурэ тхъуэплъ хъуху ягъэлыбжьэ. Бжьын гъэлыбжьар тебэм кърахри, тепщэчым иралъхьэ.

Тебэм къина тхъур къагъэплъ градуси 130 - 140 хъуху, кІэртІоф упщІэтар халъхьэ, шыгъу тракІутэ, и щхьэр трапІэжри, дакъикъитІ хуэдизкІэ ягъажьэ. ИтІанэ кІэртІофым псы щІыІэ щІакІэри, джэд гъэжьар, бжьын гъэлыбжьар и щхьэм тралъхьэ, шатэ щІакІэжри тебащхьэр тепІауэ мафІэ цІыкІум тету хьэзыр хъуху ягъажьэ.

Хьэзыр хъуа нэужь мафІэм къытрахыж, джэдгын цІынэ къудамэ тралъхьэ, и щхьэр трапІэжри, дакъикъи 5 - 6-кІэ щагъэт, ІэфІ къыщІыхьэн щхьэкІэ. Іэнэм щытрагъэувэкІэ, джэдгын къудамэхэр къытрахыж. Іэнэм тепщэчым илъу трагъэувэ. Тебэм къина шатэпсри тракІэж. ПІастэ, мырамысэ хуабэ, щІакхъуэ дашх.

**Халъхьэхэр** *(цІыхуищ Іыхьэ):* кІэртІофыщІэ укъэбзауэ - г 530-рэ, джэдылу - г 360-рэ, тхъууэ - г 50, шатэу - г 250-рэ, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 30, псы щІыІэу - г 50, джэдгын къудамэу - 3 - 4, шыбжийуэ, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

# Укъызэригъэщlауэ щыт

Шыдыр зыщІэт шэщ цІыкІум зы пщэдджыжь гуэрым къыщІагъэкІауэ маплъэри, къелъагъу абы и бжэм мелкІэ ину тетхауэ тету: «Мыбы щІэтыр адыгэш къабзэщ».

Шыдыр гуфІащи, зыхуэза и шыдэгъухэр къешэри, бжэм тетхар ярегъэлъагъу. «Иджы фи фІэщ хъуа сэ сызэрыадыгэшыр?! Фи гугъати, фэ фхуэдэу, сэри сышыду!»

Гупым зы шыдыхъу базджэжь хэтти, жеІэ:

- АтІэ, ар пэжмэ, щыщыт шым хуэдэу.

- Ар Іуэху-тІэ, фыкъэдаІуэ! – жеІэри, щыщыну хуожьэ, арщхьэкІэ, ар къемыхъулІэу, шыд кІиикІэу ину мэкІий:

- Іия!..

Псори зэщІодыхьэшхэ, ар ауан ящІу.

Шыдыхъум жеІэ:

- Умыделэу, Тхьэм укъызэригъэщІауэ щыт.

ІуагъэзыкІри шыдхэр Іуокlыж, мыдрейр нэщхъейуэ и закъуэу къагъанэри.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис.**

# Езым зэхихыжыну сыхуейкъым

Хьэр псафэ схуишат, ауэ къысхуишэжакъым.

«Езым зэхихыжыну сыхуейкъым», - жыхуэпІэр куэдкІэ нэхъ псынщІэу Іурадзэж улъаІуэу зыгуэрым хуэпІуэхуам нэхърэ.

Хэти хъуэхъуэн щхьэкІэ йофэ, хэти, зэрефэнур и гурыфІыгъуэу мэхъуахъуэ.

Хэти дахэ дыдэу, уедэІуэнкІэ псэм фІэІэфІу, уэрэд жеІэ, хэти и макъ къызэрихькІэ мэкІий, хэти мэгурым, хэти «еууей» жыуигъэІэу матхэримaтхэ...

Къызыхуигъэщlар зымыщІэжыр сыту Іеищэу бэгъуа мыгъуэ, бетэмал!..

**ГЪЭУНЭ Борис.**

# Апхуэди къохъу

Ар уэрэджыІакІуэ Іэзэт. КъытекІуэ щымыІэу фІыуэ игъэзащІэрт адыгэ уэрэдыжьхэр. Псом хуэмыдэу абы и пщІэр зыІэтыр зэрыІэдэбырт, хьэлыфІэ-щэныфІэт, бегъымбар хужаІэу.

Ауэрэ, къуажэм къыдокІ къытекІуэу уэрэд жызыІэ. Мыдрейр абы йохъуапсэ, хузэгуэп мэхъу, екІэ иужь йохьэ мо къытекІуэм...

А цІыху гъэсар, Іэсэр, сабырыр апхуэдэу къыщІэкІащ, адрейхэр дауэ къэнэжын?

Хэт мы-Моцартми - Сальерищ!

# ФІыгъуэ бэлыхьу щытамэ...

Си псэр пыхуу сешарэ адэкІэ схузэфІэмыкІыжІауэ сыщызэщІэтІысыкІым, мы дунеягъэм щызгъэвари иджыпсту щызгъэври зы схуэхъужри, мы гупсысэр псом я гущІыІу къысфІэкІуащ: «Яхузэрымыгъэгъуэт зы фІыгъуэ бэлыхь гуэру щытамэ, мы дунейр сэ напафэкІэ сагъэлъагъунтэкъым!»

**ХЬЭХ Сэфарбий.**

# Псалъэзэблэдз




***ЕкІуэкІыу:*** **2**. ... нэхърэ джэдыкІэ нэхъ Іущщ. **5**. Жэщ къыптехъуэу ... нэху къыптещхьэу ежьэ. **8**. Узыхуэмыдэм уи ... еус. **9**. Унэр зэращІа уэщыжьыр ... щІадзыж. **12**. ГъукІэм и ... Іэдэрэ уадэрэщ. **13**. ... хущхьэрей хъумэ, гъашхи гъэгъуэлъыж. **16**. ... и пэри и кІэри хъуэхъущ. **17**. ... къэщтэгъуафІэ щхьэкІэ тыжыгъуейщ. **19**. ... хьэщІэм и Іуэхутхьэбзащlэщ. **20**. ... зыщыщІэм фІыщІэр зыуи къыщыхъуркъым.

***Къехыу:*** **1**. Зи ... едаІуэ и Іуэху мэкІуатэ. **3**. ... сэ сыфІокІ, губзыгъэр езыр сфІокІ. **4**. ... и ужьыр уэлбанэщ, зауэм и ужьыр хьэдагъэщ. **6**. ... и шэмэдж щІэщхъурэ? **7**. ... и гуахъуэкІ бэлацэщ. **10**. Пэжым ... ирещІ. **11**. Бзурэ ... абгъуэ ещІ. **14**. Іуэху щІэкІэ зымыщІэр Іуэху ... егъалІэ. **15**. ... и насып щытым иратащ. **18**. ... гъэтІылъыгъэншэ хъуркъым.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**

**Мэлыжьыхьым и 30-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Ашэху. **4**. Хъыщт. **7**. Гъудэ. **8**. Быф. **10**. Шхуэ. **11**. Адэжынэ. **14**. Къан. **15**. Къыу. **16**. Ауз. **19**. Имыс. **20**. Джатэ.

***Къехыу:*** **2**. Шэдыбжь. **3**. ХущІэ. **4**. Хъан. **5**. Щэрмэт. **6**. Хъыданжэрумэ. **9**. Фэдэн. **10**. Шынакъ. **12**. Акъылым. **13**. Жумарт. **17**. Сес. **18**. Сыдж.

Жылагъуэ

# НэщIикIыж хьидыр ягъэлъапIэу

**Аруан районым хыхьэ Чернэ Речкэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и утыкум хьид махуэшхуэр щагъэлъэпIащ. Зэхыхьэр къызэригъэпэщащ а жылэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и художественнэ унафэщI Бекъул Аслъэн, щIыпIэ администра-цэр и дэIэпыкъуэгъуу. Къуажэдэсхэми даIыгъащ нэщIикIыж махуэр гъэлъэпIэныным ехьэлIа Iуэхур.**

НАРТКЪАЛЭ щапхъэу къалъыта «Волшебный мир» театрым и артистхэм сабийхэм я нэгу зрагъэужьащ, къагъэфащ, ягъэджэгуащ. Къуажэдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ папщIэ къызэрагъэпэща концертым хэтащ уэрэджыIакIуэ Къашыргъэ Аскэр, пшынауэ Къуэдз Залым, «Псыгуэнсу» ансамблыр.

- НэщIикIыж махуэр гъэлъэпIэным теухуа жэрдэмыр къызыбгъэдэкIа Бекъул Аслъэн фIыщIэ хуэфащэщ. Ди жылэр мыинми, ини цIыкIуи хьид махуэшхуэм зригъэуIури, нэхъри зэкъуигъэуващ, - жиIащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Медалы Зое. - А махуэм къуажэдэсхэм я нэгу зэрызиужьар, гукъыдэж зэраритар щапхъэу къызолъытэ.

Концерт нэужьым цIыкIугъашхэ ящIащ, пщафIэ Мэрзей Залымрэ сабий садым и гъэсакIуэхэмрэ ягъэхьэзыра лъэпкъ шхыныгъуэ щIэщыгъуэхэр Iэнэм трагъэувэри.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



# Ахъсор Пщымырзэ и фэеплъ шыгъажэ

**Тэрч щIыналъэм хыхьэ Курп Ищхъэрэ (Къаншууей) жылэм накъыгъэм и 9-м къыщызэрагъэпэщащ къуажэ тхьэмадэу щыта нэхъыжьыфI Ахъсор Пщымырзэ и фэеплъ шыгъажэ.**

ДЖЫЛАХЪСТЭНЕЙМ и къуажэхэм, Налшык, Лашынкъей, Аргудан, Псыгуэнсу, Шэджэм, Къубэ-Тэбэ, Къулъкъужын, Осетие Ищхъэрэ - Аланием къикIауэ шууей 56-рэ хэтащ абы. Ар Курп Ищхъэрэ къуажэ администрацэм, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм, Пщымырзэ и унагъуэм я жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщащ.

Къыхэжаныкlахэмрэ япэ увыпIэр зыубыдахэмрэ доллар мини 3 ахъшэ саугъэту трагуэшащ.

*Къэжэгъуихым хэтахэм къахьа увыпIэфIхэр :*

*Япэ:* Ахэмын С. (Плановскэ къуажэ), Къакъий И. (Аргудан), Къып К. (Къулъкъужын), Вазагов Къ. (Осетие Ищхъэрэ - Алание), Нэгъуей А. (Лашынкъей), Вазагов М. (Осетие Ищхъэрэ - Алание).

*ЕтIуанэ:* Щад А. (Аргудан), Сындыку А. (Плановскэ), Дудэ А. (Псыгуэнсу), Бэджрэт М. (Аргудан), Абазэ Б. (Налшык къалэ), Пыжьынэ А. (Тэрч къалэ).

*Ещанэ:* Балъкъэр С. (Плановскэ), КIэбышэ С. (Лашынкъей), Сэбан А. (Плановскэ), Токъмакъ М. (Къубэ-Тэбэ), Абазэ Б. (Налшык къалэ), Зыхъуэ М. (Шэджэм).

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**



Футбол



# Я джэгугъуитI зэхуэдэкъым

**«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Форте» (Таганрог) - 0:2 (0:2). Налшык. «Спартак» стадион. Накъыгъэм и 12-м. ЦIыху 500 еплъащ.**

***Судьяхэр:*** Машлякевич, Смирнов (тIури Мэзкуу щыщщ), Пичугин (Ставрополь).

***«Спартак-Налшык»:*** Антипов, Шумахуэ З. (Белоусов, 47), КIэдыкIуей, Сындыку, Ольмезов, Масленников, ХъутIэ (Дэхъу, 57), Хьэшыр, Ульбашев (Торосян, 75), Бэчбо, ЛIуп (Гугуев, 71).

***«Форте»:*** Москаленкэ, Охрименкэ, Солодаренкэ, Крючков (Закиров, 19), Вяткин, Янов (Моргунов, 66), Болотов (Могилев, 83), Захаров, Машэжь, Малыш (Магомедов, 66), Юрченкэ (Рудаков, 83).

***Топхэр дагъэкIащ:*** Захаровым, 25 (0:1). Юрченкэ, 33-пенальтикIэ (0:2).

***Дагъуэ къыхуащIащ*** Шумахуэмрэ КIэдыкIуеймрэ.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и ещэщIанэ джэгугъуэм хыхьэу вэсэмахуэ «Спартак-Налшыкым» къригъэблэгъащ Таганрог и «Форте»-р. Абы къврикIуар дызыпэмыплъащ.

Зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм и ещанэ увыпIэм зыщызыгъэбыда хьэщIэхэм къапэщIэтащ мы гъэ джэгугъуэ лъэхъэнэр зэрыщIидзэжрэ текIуэныгъитI фIэкIа къэзымыхьауэ епщIанэ увыпIэм щыт налшыкдэсхэр. Абы щыгъуэми гур къыщIиубыдэрт мыбы ипэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и футбол командэ нэхъыщхьэм иригъэкIуэкIа зэIущIэм бжыгъэшхуэкIэ «Кубань Холдинг»-р зэрыщыхигъэщIам. Арат гугъэфIхэр уэзыгъэщIыр иджырейри абы къыкIэрымыхуу кърахьэлIэну.

Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм дакъикъэкIэ хуэщыгъуа нэужь командэхэм зэIущIэм щIадзащ. Ипэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ джэгур «Форте»-м и лъэныкъуэкIэ зэригъэIэпхъуэным «Спартак-Налшыкыр» хущIэкъуащ. Апхуэдэу ебгъуанэ дакъикъэр екIуэкIыу ди щIалэхэм къызэрагъэпэща ебгъэрыкIуэм хэту топыр къызыIэрыхьа ЛIупыр лъэщу еуащ. АрщхьэкIэ щытыкIэр зи нэIэ щIэт хьэщIэхэм я гъуащхьэтетым топыр къиштащ.

Куэд дэмыкIыу Ислъам иджыри зэ «Форте»-м и гъуэм екIуэлIащ. Ар штрафнойм щихьэм таганрогдэсхэм я гъуащхьэхъумэхэм ящыщ зым ириудащ, арщхьэкIэ джэгур хабзэм тетауэ къэзылъыта судьям пенальти иригъэуэн идакъым.

А махуэм хьэщIэхэм яхэту жыджэру «Спартак-Налшыкым» къыпэщIэтащ нэхъа- пэм налшыкдэсхэм ящыщу джэгуу щыта Машэжь Ратмир. Абы и закъуэщ «Форте»-м мы гъэм иригъэкIуэкIа зэIущIэ псоми щыджэгуар. ЗэкIэлъхьэужьу зыбжанэрэ адыгэ щIалэм къыхита угловойхэм ди гъуащхьэхъумэхэр щытыкIэ гугъум щригъэува къэхъуащ. Абыхэм ящыщ зым иужькIэ Шумахуэм кърimыгъэгъэзамэ топыр Антиповым и гъуэм дыхьэным зымащIэт иIэжар.

ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм хухаха зэманым и ныкъуэр блэкIауэ хэгъэрейхэр гупышхуэу ипэкIэ кIуэтащ. Сындыкум кърригъэжьа ебгъэрыкIуэныгъэр «Форте»-м и штрафнойм щынэсым гъуащхьэхъумэхэм къызэпаудащ.

Арати, ди щIалэхэм я нэхъыбэр я лъэныкъуэмкIэ зэрыщыIэр къагъэсэбэпри, Таганрог и футболистхэр контратакэ псынщIэкIэ ипэкIэ кIуэтащ. Абы хэту Юрченкэ къыIэрыхьа топыр «Спартак-Налшыкым» и гъуэм бгъэдыхьэ Захаровым и дежкIэ къыхитащ. Иужьрейр лъэщу абы кIэлъеуэжри, зэIущIэм и бжыгъэр къызэIуихащ - 0:1.

ЕтIуанэ топми куэдрэ футболеплъхэр зригъэжьакъым. Дакъикъитху нэхъ дэмыкIыу, бжыгъэр къызэрызэIуахам жыджэр къищIауэ топыр иIыгъыу ди штрафнойм ит Юрченкэ Ольмезовым ириудащ. ЛIупым къыщыщIам емылъытауэ, иджы судьям метр пщыкIузымкIэ тегушхуауэ игъэлъэгъуащ. Езым къилэжьыжа пенальтир гъуащхьауэм Iэзэу игъэзэщIэжащ - 0:2.

Загъэпсэхуу къихьэжа нэужь, «Спартак-Налшыкым» и джэгукIэр нэхъ зэтеубла хъуащ. ЩIэх-щIэхыурэ ебгъэрыкIуэныгъэ шынагъуэкIэ «Форте»-м и гъуэм ар екIуалIэрт. ЗэкIэлъхьэужьу ЛIупыр, Дэхъур, Бэчбор, Ульбашевыр хьэщIэхэм я гъуэм еуащ, арщхьэкIэ Iэзагъыр къемэщIэкIырт - топыр гъуэм техуэртэкъым.

ЗэIущIэм и кIэух дакъикъэхэр екIуэкIыу ди щIалэхэм къыхата угловойм иужькIэ штрафнойм изэрыхьа топыр хьэщIэхэм ящыщ зым и лъакъуэм техуэри, гъуэмкIэ иунэтIащ. Абы дыхьэным сантиметр бжыгъэ фэкIа къэмынэжауэщ таганрогдэсхэм къыщрагъэгъэзар.

Зэрыкомандэу я хьэрхуэрэгъухэм я лъэныкъуэмкIэ кIуэта «Спартак-Налшыкым» зэIущIэм и кIэух бжыгъэм зримыгъэхъуэжыфурэ зэманыр и кIэм нэблэгъащ икIи къыкIэлъыкIуэ хэщIыныгъэр ягъуэтащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ я стадионым щыфIахьащ тхьэмахуэ иримыкъу ипэкIэ хьэщIапIэ щыIэу «Кубань-Холдинг»-р бжыгъэшхуэкIэ хэзыгъэщIэфа ди щIалэхэм. Абы къегъэлъагъуэ налшыкдэсхэм я джэгукIэр зэрымытэмэмыр икIи ар зэтеувэн папщIэ лэжьыгъэшхуэ къазэрыпэщылъыр.

ЕщэщIанэ джэгугъуэм и адрей зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикIуащ: «**ЕсэнтIыгу**» (ЕсэнтIыгу) - **СКА** (Дон Iус Ростов) - **1:2**, «**Мэшыкъуэ КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - **0:2**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**ТIуапсы**» (ТIуапсы) - **1:0**, «**Легион Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Ротор-2**» (Волгоград) - **3:2**, «**Чайка**» (Песчанокопскэ) - «**Кубань Холдинг**» (Павловскэ) - **1:1**, «**Черноморец**» (Новоросийск) - «**Динамо**» (Ставрополь) - **3:0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» Мэхъэчкъалэ щригъэкIуэкIынущ. Накъыгъэм и 16-м ди щIалэхэр Iущ|энущ щIыпIэ «Динамо»-м.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Динамо» Мх.** | **28** | **21** | **5** | **2** | **55-10** | **68** |
| 2. СКА | 28 | 22 | 2 | 4 | 59-15 | 68 |
| 3. «Чайка» | 28 | 18 | 7 | 3 | 71-19 | 61 |
| 4. «Форте» | 28 | 15 | 9 | 4 | 46-26 | 54 |
| 5. «Черноморец» | 28 | 15 | 5 | 8 | 54-31 | 50 |
| 6. «Кубань Холдинг» | 29 | 13 | 8 | 8 | 40-31 | 47 |
| 7. «Легион Динамо» | 28 | 10 | 9 | 9 | 36-27 | 39 |
| 8. «Анжи» | 28 | 12 | 8 | 8 | 40-30 | 38 |
| 9. «Биолог-Новокубанск» | 28 | 10 | 8 | 10 | 40-38 | 38 |
| **10. «Спартак-Налшык»** | **28** | **8** | **10** | **10** | **25-25** | **34** |
| 11. «Дружба» | 27 | 6 | 10 | 11 | 21-35 | 28 |
| 12. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 28 | 6 | 9 | 13 | 39-42 | 27 |
| 13. «ТIуапсы» | 28 | 11 | 2 | 15 | 34-44 | 26 |
| 14. «Динамо» Ст. | 28 | 6 | 7 | 15 | 33-50 | 25 |
| 15. «Ротор-2» | 28 | 5 | 5 | 18 | 23-58 | 20 |
| 16. «Алания-2» | 29 | 2 | 6 | 21 | 31-86 | 12 |
| **17. «ЕсэнтIыгу»** | **29** | **2** | **4** | **23** | **14-94** | **10** |

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.
ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ «Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзырaщ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894

Тираж 2.041 Заказ №956